Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и полномочиехэр Къанокъуэ А.Б. бгъдэлъхьэным и Іуэхущ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и къудыкъум ягъэувын папщІэ Къанокъуэ Арсен Башир и къуэр и кандидатурэу Урысей Федерацэм и Президентым кыхэльхьам хэлъыдэу, гъэзэщІакІуэр органэр къыдэІэпэщІынымкІэ псоми яхуэзыгъэ хабзэхэм ятеуХуэу» Федеральнэ законым и 18 статьи, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 79 статьим (ныбжь 1-м); 100 статьим (ныбжь 1-м и «б-1» пунктым) ящыкІэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ешІ:**

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и полномочиехэр Къанокъуэ Арсен Башир и къуэм ильэситху пІальэкІэ бгъдэлъхьэн.

2. Къанокъуэ Арсен Башир и къуэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и къудыкъум зэрыпэрыувэжым теухуа дауэдапщэр 2010 гъэм фокІадэм и 28-м егъэкІуэкІын.

3. Мы Унафэр Урысей Федерацэм и Президентым хуегъэхьын.

4. Мы Унафэм къару егъуэт къыщацта мазхэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщІ ЧЕ¶ЕНОВ Ануар

Налшык къалэ

2010 гъэм фокІадэм и 1-м №448-П-П

ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЬЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И І ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№164 (21.822) ● 2010 гъэм фокІадэм (сентябрым) и 4, щэбэт ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Дзыхь, пщІэ, зэфІэкІ

Къанокъуэ А.Б. КъБР-м и Президентым и къулыкъум етІуанэ пІальэкІэ тетыну зэрагъэувыжам папщІэ къагъэхьа хъуэхъу телеграммэхэр

ПщІэ зыхуэсщІ Арсен Башир и къуэ!

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и полномочиехэр къыззэрыббгъэдалъхьамкІэ сынохъуэхъу.

УФ-м и Президентым, республикэм и Парламентым и депутатхэм Уэ кыхпхущІа дзыхьыр щыхьэт тохъуэ ебгъэкІуэкІ лэжьыгъэм пщІэшхуэ зэриІэм. ФедерацэмкІэ Советымрэ республикэм и къэралыгъуэм и органхэмрэ зэрызэдэлажьэм зэрызиужьыр щыналъэм щынагъуэнщагъэр щыгъэбыдэныжмкІэ хэкІыпІэшхуэщ. Іуэхум нэгъэсауэ зэрыхэпщІыкІыр, сыт и лъэныкъуэкІи зэхуэгъэкІуэ унафэ тэмэмхэр къызэрыпщтэр Кавказ Ищхъэрэм зэпІэзэрытныгъэмрэ зэгурыІуэныгъэмрэ щыгъэбыдэным, республикэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэр дяпэкІи щІэгъэуохбжьэным сэбэп зэрыхуэхъунум щэч кьытехьэркъым. Узынщагъэ быдэ, ефІэкІуэныгъэ уиІэну, лэжьыгъэ Іэнатіэм щызыхуэбгъэувыжа мурадхэр кьоХуэлІэну сынохъуэхъу.

Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зохуэсым Федерацэмкіэ и Советым и Унафэщі МИРОНОВ Сергей.

ПщІэ зыхуэсщІ Арсен Башир и къуэ!

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къулыкъу нэхъыщхьэ дыдэм и полномочиехэр къыззэрыббгъэдалъхьамкІэ си гуапэу сынохъуэхъу.

Урысейм и Президентым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэу щІыналъэм ис цІыхухэм я сэбэп зыхэлъхэм телажьэхэм уэ дзыхь кьыззэрыуагъэзам кьегъэлъагъуэ ббгъэдэлъ зэфІэкІышхуэмрэ къэралым и сэбэп зыхэлъхэм уэзрытелажьэм кьрикІуэхэмрэ пщІэшхуэ зэрыхуэщІыр.

Республикэм и экономикэ зэфІэкІым зегъэужьыным, абы иц цІыхухэм я псэукІэр егъэфІэкІуэным, щІыналъэм зэпІэзэрытныгъэ, лъэпкъхэм я зэгурыІуэныгъэ щызэтегъуэвэным хуэунэтІауэebгъэкІуэкІ лэжьыгъэм уеХуэпІэну си гуапэщ.

Урысей Федерацэм и Президентым и Администрацэм и Унафэщі НАРЫШКИН Сергей.

ПщІэ зыхуэсщІ Арсен Башир и къуэ!

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и полномочиехэр къыззэрыббгъэдалъхьамкІэ си гуапэу сынохъуэхъу.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и къулыкъу пІьагъэм Уэ арэуэру зэзэрагъэувыжам кьегъэпІагъуэ уляжьакІуэщхуэу икІи Іуэхум фІыуэ хэпщІыкІыу зэрыщІытым кІыхьэкІыу цІыхухэм пщІэ къызэрыпхуащІыр, уи лэжьыгъэ къызэгъэпщыкІэр къэралым и унафэщІэм нэгъэсауэ зэрыдалЕыгъыр. Шэч хэлъкъым республикэм щыІэ жылагъуэ-политикэ зэпІэзэрытныгъэр хъумэныр Уи дежкІэ кьалэн нэхъыщхьэу дяпэкІи зэрыщытыным.

Узынщагъэ быдэ, ефІэкІуэныгъэ уиІэну, Хэкум и фІыгъуэм хуэунэтІа лэжьыгъэм уеХуэпІэну си гуапэщ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цІыхухэм сохъуэхъу зыужьныгъэрэ псэукІэ тэмэмрэ яІэну.

Урысей Федерацэм Къэзыбж и палатэм и Унафэщі СТЕПАШИН Сергей.

КъБР-м и Парламентым Къанокъуэ Арсен Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и къулыкъум зэригъэувыжам теухуауэ **УФ-м и Президентым и Администрацэм и УнафэщІым и япэ къуэдзэ Сурков Владиславым** къыбгъэдэкІа тхыгъэм кьыщыгъэлъэгъуащ: «Іуэхум уэзрыхуэІэкІуэлъакІуэр, Іэмал зэрыІэкІэ нэхъыбэ зэрызэфІэбгъэжьным уэзрыхуащІэкъуэ Уэ къызэрыхуащІым и щыІэныгъэмрэ республикэм къыщызэбгъэпэщыныкІэ».

Осетие Ищхъэрэ-Алание Республикэм и Іэтащхьэ Мамсуров Таймураз и телеграммэм итщ Къанокъуэ Арсен республикэм и щыхьэхэм пщІэшхуэ къызэрыщыІым и щыхьэту Къэбэрдей-Балъкъэрым законхэр къыдэзыгъэкІ и орган нэхъыщхьэм кьыщта унафэр зэрыщытыр: «Шэч кьытесхьэркъым ущалъхуа республикэр къэгъэщІэрэщІэжьным, Кавказ Ищхъэрэм мамырыгъэмрэ зэпІэзэрытныгъэмрэ щыгъэбыдэным хуэунэтІауэ адэкІи япэкІэ зэхуэщІ Ищхъэрэм мамырыгъэмрэ зэпІэзэрытныгъэмрэ щыгъэбыдэным хуэунэтІауэ адэкІи япэкІэ папщІэ пхурикъун щІэныгъэ, къару, зэфІэкІ зэрыбгъэдэлъым».

Телеграммэхэр апхуэдэу къагъэхьащ **Урысей Федерацэм и Федеральнэ хъумакІуэ къулыкъущІапІэм и Унафэщі Муров Евгений, Тэтэрстан Республикэм и Президент Минниханов Рустам, Рязань областым и губернатор Ковалев Олег**сымэ, нэгъуэщІхэми.

КъБКъУ-м и профессор ТхьэгъэпсО Хьэжысмел кьыхэхьэхьэркІ: «Зэрыщыту кьалэныгъэ, республикэм зиужьыныкІэ иужьрей илъэситхур мыхьэнэщхуэ зиІэ лъэхъэнэу уваущ икІи абыкІэ фІыщІэ нэхъыщхьэр зыбгъэдэлъыр Уэращ. Пэжщ, КъБР-м зегъэужьыныкІэ мурадхэм кризисыр зэран зэрыхуэхъуар туанэкъым. Президенту ущылэжьэну кьыкІэльыкІуэ пІалъэм экономикэми, политикэми, зэхэщІыкІми ехьэпІа кризис гуэр къремыхьу».

Хьэхъуэр апхуэдэу кьралъхьэ КъБР-м и Президентым **www.president-kbr.ru сайтым, blog.presidentkbr.ru** блогым.

Куба къуажэм щыщ Бажэ Ириндэ кьыззрилъытэмкІэ, цІыхухэм я псэукІэр егъэфІэкІуэным хуэунэтІауэ кьыбгъэдэхуэ псори зэрызэфІигъэкІынум Кканокъуэ Арсен хущІокъу: «Си гуапэщ уи кьарур мыкІуэщІыжу уекІуэкІыну, мамырыгъэ, фІыгъуэ, ефІэкІуэныгъэ уиІэну. Уэ жьжьэ пльэ политикыу уэзрыщытым кьыдэкІуэу икІи уцІыху гуапэщІ». **Германием щыпсэу Аннэ** видеоблогым кьрильхьащ: «Баден-Баден никІыу сэлам гуапэ ныпхуэогъэхь. Сигукіи си псэкіи сынохъуэхъу кьыкІэльыкІуэ пІалъэм улэжьэну уэзрыхахьжамкІэ. Пэжыгъэ зыхэлъ цІыху нэсу, нэхъыщхьэ дыдэр арщи - мурадыщІэхэмрэ Іуэху ефІэкІэ зэмыпІэужьыгъуэхэмрэ уи гур яхэзыхуэу дяпэкІи щыт. Фи республикэм ехьуІэныгъэхэр иІэну, ефІэкІуэну си гуапэщ».

«Зи гур къабзэхэр» щІалэгъуалэ зэщІэхъеенныгъэм и тхьэмадэ Азубэч Мурат фІыщІэ ещІ республикэм зэхъуэдкІыныгъэ хьарзынэхэр зэрыщекІуэкІыр: «Илъэситху апэкІэ дэ Уэ куэдкІэ дыпщыгугъэу дыпІуІат. Гу гугъапІэ псори бгъэпэжащ. ЗэхъуэкІыныгъэфІэхэр апхуэдизу куэдщи, ахэр кьебжэкІыгъуейщ. КъыкІэльыкІуэ илъэситхум реформэхэм зэрыпащэнур, республикэм щІэгъэхуэбжьаурэ зэрызиужьынур си фІэщ мэхъу».

КъБР-м и Іэтащхьэм хъуэхъухэр иджыри кьыІэрохьэ.

КОНАКОВ Хьэсэн.

Хлопонин Александррэ Кканокъуэ Арсенрэ пресс-конференцым хэтщ.

Сурэтыр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

«ЩІынальэм и зыужьныгъэр къыщежьэнур Къэбэрдей-Балъкъэрырщ»

Республикэм и Президентым и къулыкъум ягъэувыну Кканокъуэ Арсен и кандидатурэр КъБР-м и Парламентым кьыщыхилъхьэн папщІэ, УФ-м и Президентым и полномочиехэр къыкІэльыкІуам щыгъуэ, абыр Кканокъуэ Арсенрэ щыхубгъэ хьыбарегъащІэ Іуэхущ апІэхэм я лэжьакІуэхэм я упщІэхэм жэуапхэр ираташ.

ЖУРНАЛИСТХЭР Хлопонин Александр еупщІащ Къэбэрдей-Балъкъэрыр гугъуехь инхэр здэщыІэ щыпІэу кьыльытэрэ кьимыльытэрэ.

Абы и жэуапу полномочиехэ лЕыІуэм кьыхигъэщхьэкъуэкІащ республикэм апхуэдэу узыгъэгъэзавэ Іуэхущхьэхэр зэрыщымыІэр, Кавказ Ищхъэрэ щыналъэм и зыужьныгъэр мыбы кьызэрыщежьэну: «Мыбы ущыпсыхьу ахъшэ тебгъэкІуадэ, мы щыналъэм зебгъэужь хуэнущ. Абы папщІэ узыхуеину Іэмалхэри зэфІэкІ зыбгъэдэлъэ щыпсыхьэ щыІэ. Ярэ дыдэу кьэгъэльэгъуапхъэщ, Къэбэрдей-Балъкъэрым гугъуехь пыуухьэкІахэр щыІэми, ар зэгурыІуэныгъэмрэ тэмакъкІыхьхьагъымрэ я щапхъэу Кавказ псом и дежкІэ зэрыщытыр. ЕтІуанэр - мы бы политикэ зэпІэзэрытныгъэ зэрыщыІэрщ. Властым законхэр кьыдэзыгъэкІ и Іэнатіэмрэ гъэзэщІакІуэ Іэнатіэмрэ зэгурыІуэу зэдэлажьэныр кьыззэрызэрагъэпэщар зыужьныныгъэм и лъабжьэ лъэщщ. Мыдрейуэ, абыхэм ящыщхъужьну сыхуейт республикэм и Іэтащхьэм хэль зэфІэкІ гъуэзэджэр, абы тэмэму унафэ зэрищІыфыр икІи кьыдэлэжьэну гупыр егупсысауэ кьызэрыхихар. Мы зэманым езыхэм я мурад фІейхэр зэрагъэхъуІэныжмкІэ апхуэдэ екъуІэныгъэхэр зэран зыхуэхъу щыхуэхэр, нэхъ тэмэму жьыпІэмэ, щІыхугъэ лъэпкъ зыбгъэдэмыльхэр щІыщ икІи щыгъэкІэр зэІагъэкъэн папщІэ абыхэм яхуэзэфІэкІ кьагъанэркъым. Арщхьэкіэ абы зыри кьикіынукъым икІи апхуэдэ мурад зиІэхэм хэкІыпІэ лъэпкъ ягъуэтынукъым. Абы и щыхьэтщ цІыхухэр езыхэм я пашэу кьалытэм быдэу зэрыкъуэтым и щапхъэу сэ нобэ си нэгу щІэкІар икІи щытыкІэр зэІыгъэхьэным пыща мурадхэр зэи гъэкІыпкъуным. Дэ япэкІэ дыкІуэтэн, ди Іэщхьэр дгъэджэрзэеяу экономикэм зедгъэужьын, лэжьапІэ Іэнатіэхэр кьыззэдгъэпэщын, ди сабийхэм я кьэкІуэнур дыубэныхун хуейщ. Ахэр кьыззэрыгъэкІ кьалэнхъым, щапхъэм зэхакъутащ. Фэеплъыр зэрагъэпэщыжьын папщІэ, университетым и унафэщІыр зи пашэ гупым, метр 2500 лъагагъым ухуэнырэ материалхэр драхьеящ.

УЭРДОКЪУ Женя.

Сурэтыр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

Жьапщэшхуэм зэтрикъутахэр зэрагъэпэщыж

● КъэхъукъащІэхэр

Фокіадэм и 2-м пщыхьэщхьэхуэкІуэу КъБР-м и Прохладнэ районым жьыщхуэ къыщыщащ, уэ кьыкІащ. Зэрыныгъэ ягъуэтащ Прохладнэ кьалэм, Прибрежнэ станицэм, Ново-Покровскэ къуажэм, Ново-Покровскэ къутырым щыІэ псэупІэ унэхэм, социальнэ, щэнхабзэ Іуэхущапіэхэм, электрокъару зрикІуэ кІапсэхэм. Метеорологхэм къызэратамкІэ, жьыр секундым метр 36-м нэблагъэ и псынщІагъыу кьепщащ.

ЗэкІэ къызэрабжамкІэ, борэным и зэраныгъэпхуэ псэупІэ унэу 200-м екІащ, унэу 400-м зэранныгъэ щхьэхуэхэр ягъуэтащ, цІыху мини 10-м нэблагъэ электрокъарукІэ кьызэзыгъэпэщ подстанцым зэран хуэхъущ. Жьыщхуэр здынэса щыналъэм хиубыдэу щыІэ школи 5-м, сабий сади 2-м я унащхьэхэр трихащ, щхьэгъубжэ абджэхэр хиудащ. Фэбжь зэмылІэужьыгъуэхэр ягъуэтащ Прохладнэ кьалэм и сымаджэщым щыІэнтІ щІэльщ.

Иджыпсту коммунальнэ Іуэхущапіэхэм жьым кьыгъуэ жьыгхэр Іуащ, электроплитнеХэм зэрагъэпэщыжь. Лэжьыгъэхэр щекІуэкІ щІыпІэм щыІащ икІи зэранныгъэхэр зыхуэдизыр кьиппщІащ Правительствэм и комиссэу Меркулов Александр зи пашэр.

КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущапіэ.

Газетхэмрэ журналхэмрэ къезыгъэхьхэм папщІэ

2010 гъэм фокІадэм и 1-м щІадзауэ, Федеральнэ пощт зэпщІэныгъэм и Управленэу КъБР-м щыІэм - «Урысейм и пощт» федеральнэ къэрал предприятэ зэгуэтым и кьудамэм и Іуэхущапіэ Іэ щытрагъадэ 2011 гъэм и яп ильэс накъум газетхэмрэ журналхэмрэ къезыгъэхьхынухэм.

Пощт зэпщІэныгъэм и Іуэхущапіэхэмрэ почтамтхэмрэ Іэ зыщыщІэвдза газетхэр, журналхэр унэм евгъэхь е пощтым и Іуэхущапіэхэм кьыщыгъэкІыфх хьунущ.

Газетхэмрэ журналхэмрэ Іэ зэрыщІадзым пыщІа Іуэху псоми фэ щыгъуазэ фащІынущ пощтхэм я Іуэхущапіэхэм я лэжьакІуэхэм.

Ерыскъы зэмылІэужьыгъуэхэр къыщІагъэкІ

● Тэрч куей

Ерыскъыхэ КІым елэжьу Къэбэрдей-Балъкъэрым ит Іуэхущапіэхэм къалэн нэхъыщхьэу хуагъэуващ я продукцэм и лІэужьыгъуэми ФІагъми хагъэхъуэну.

МЫ ІУЭХУР тэмэу къызэзыгъэпэщахэм ящыщщ Джылахъстэнем щыІэ ерыскъыхэкІхэр къыщыщІагъэкІ комбинатыр. Дызэрыт гъэм и яп ильэс ныкъуэм кьриубыдэу мыбы щагъэхьэзыращ сом мелуани 6 и уасэ фІэІугъэ.

Іуэхущапіэм кьегъэуцІыІа щІы гектари 100-р кьанэ щымыІэу горох щхъуантІэу зэращІар сыт и лъэныкъуэкІи къащхьэпэжащ. Горох паси кІаси хасауэ зэрыщытам и фІыгъэкІэ, а лэжьыгъэр зэтримыхьэу ирагъэкІуэщІылІащ Тэрч куейм и мызакъуэу, ди республикэм и адрей районхэми. Іуэхущапіэм ерыскъыхэкІхэр зрилъхэнур хуеинум хуэдизу иІэщ, линиехэр иджырей Іэмэпсымэфіхэмкіэ кьызэгъэпэщащ, иджыпсту щыщІэдзауэ и Іэнатіэхэр зэтраухуэ япэу кьыхэхъукІ пхъэщхьэмыщхьэхэм зэреляжьыным хуэдэу.

Мыбы мыгувэу щІэупщІэ зиІэ пхъэщхьэмыщхьэпэхэр гъэхьэзырын щыщІадзэнущ. Ахэр щащэнущ ди республикэми Кавказ Ищхъэрэм и адрей щІынальэхэми.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Зэгурыіуэну пІэрэ?

США-м и президент Обамэ Барак фІыщІэ хуищІащ Франджым и президент Саркозиу Николя. Абы кьыдыІыгъащ Іуэхущапіэ Іуэгурэм мамырыгъэр щыззтеублэжьным-кІэ зэпсэльэныгъэхэр, ар Обамэ кьеХуэлІэну куэдым я фІэщ щымыхьу лъэхъэнэм.

Махуэким Вашингтон щызэлъущащ Израильм и премьер-министр Нетаньяху Беньяминрэ Палестинэ автономием и унафэщІ Аббас Мэхьмудрэ. Ахэр зэгурыІуащ пІальэ пыухыкІам тету зэІущІэну - тхьэмахуитІ кьэс зэ зэхуэзэуэрэ, зэхуущыткІэхэр мамырыгъэм езышІэлъэн зэгурыІуэныгъэр ягъэхъэзырыну. Аббасрэ Нетаньяхурэ зэрыжаІамкІэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Гъунэгъум куэд щІауэ щекІуэкІ кьайгъэр зы щыхьэм кьриубыдэу яхуэгъэтэмэмыкьынущ. Ахэр зэгурыІуащ кьыкІэльыкІуэ зэІущІэр фокІадэм и 14 - 15-хэм. Мысырым и Шарм эш-Шейх къалэм щрагъэкІуэкІыну.

Израильмрэ Палестинэмрэ зэгурыІуэжьныкІэ Обамэ Барак зыдигъэІэпыкъур Франджым и президентым и закъуэкъым: щыщхьэІум и 31-м ар а Іуэхум теухуауэ телефонкІэ епсэльащ Сауд Хьэрыпым и пащтыхь Абдалла ибн Абдел Азиз.

Иранымрэ егъэшынэ

«Кроло» хьыбарегъащІэ Іуэхущапіэм кьыззэрытымкІэ, Ираным хуэунэтІауэ санкцІэщхэр Японием и правительствэм дыгъуасэ кьищтащ. Абы ипкъ ит кІэ, Ислъам Республикэм и ядернэ программэм пыщІа Іуэхущапіэхэмэ щыхьэхуэхэм я ахъшэ щахъуэжа счетхэр еІэбыну хуимыту ягъэбыдэнущ.

Апхуэдэ Іуэхущапіэу, цІыху щхьэхуэу Японием щыІэр 100-м щІегъу. Правительствэм кьиІытащ ахэр псори Ираным и ядернэ программэм зыгуэркІэ пыщІауэ. КьищынэмыщІауэ, финансэ Іуэхуэм я зехьэкІэм кьэралыр куэдкІэ нэхъ ткІийуэ кІэльыплъхьащ.

Ираным хуэунэтІа санкцІэхэр нэхъ ткІий ящыну хуит кьэзыщІ иужьрей резолюцэр ООН-м кьищащтар мэкъуэуэгъуэм и 9-ращ. Ар абы ШынагъуэншагъэмкІэ и Советым и етІанэ унафэщ.

Министритху токІ

Румынием и премьер-министр Бок Эмиль и кабинетым щыщ министру зэуэ тху я къулыкъум тригъэкІащ. Финансхэмкіэ и министрэр абы яэ тху къэралым и экономикэ щытыкІэр хьэлъэ дыдэ зэрыхуэ ам кьыхэкІыу.

Махуэким я къулыкъум текІащ лэжьыгъэмкІэ, мэкъумэщ хозяйствэмкІэ, финансэмкІэ, транспортмкІэ, связымкІэ кьищтащ. Абыхэм ящыщ финансхэмкІэ министр Владеску Себастьян зэрыжиІамкІэ, и кІу лыкъум и зэрыгъэкІам политикэ Іуэхуэр лъабжьэ хуэхъуащ.

Дунейпсо Валютэ Фондым и деж кьыщищта кьалэнхэр игъэщІэну мэкъуэгъуэм Румынием и властыр иужь ихьат бюджет Іэнатіэм щылажьхэм я улахуэр процент 25-кІэ, пенсэхэр - процент 15-кІэ гъэмэщІэным. АрщхьэкІэ, абыкІэ мыарэзы цІыхухэм зыкьалэтащ, нобэр кьызэсэи забастовкэхэр екІуэкІ зэпытщ. Итіани, еврэ мелард 20 МВФ-м и деж щыхуэу кьы щищтэм, кьалэн зыщищІыжьхэр властым игъэззщІэн хуей мэхъу.

● Аруан куей

Спорт-щэнхабзэ уардэунэр хьэзыр ящІ

Шыгъхьэлэ кьуажэм щаухуэ спорт-щэнхабзэ уардэунэр мы илъэсым ятыну я мурадш. Мыбы и лъабжьэр 2008 гъэм ягъэтІылъауэ, лэжьыгъэхэр ы махуэ зэпыуакъым.

УХУЭНЫГЪЭМ кьанэ щымыІэу ирахьэлІэр иджырей пкъыгъуэхэрщ. Кьуажэ администрацэм и Іэтащхьэ Кканокъуэ Заур кьызэрыджиІамкІэ, кьатитІу эятет унэм хэтынущ спортзалу 2, библиотекэ, спорт секцэхэмрэ гупжьей щхьхэхуэхэмрэ щылажьэну пэшхэр, цІыху 337-рэ зыщІэхуэну залышхуэ, нэгъуэщІхэри.

Ар еухуэ «Гранит» фирмэм. Уардэунэм мыхьэнэшхуэ и Іэнущ кьуажэдэс ныбжьыщІэхэр гъэсэныкІэ, спортым дегъэхьэлъныкІэ, зэчий зыбгъэдэлъ сабий Іэпщ1элъапщІэхэм кууэ ялэлэжьэныкІэ. Мы зэманым ирикъІуэ унэ щыІэ лэжьыгъэхэр зэфІагъэкІащ. Абы кьыдэкІуэу уардэунэм и хъурей-гъыр зэтес ящІ, ар екІуу кьызэрахухьыным хуэдэу.

ЖАНХЪУЭТ Зуэ.

Зэіущіэхэр | Ди псэлъэгъуэхэр | Спорт

КЪЭБЭРДЕЙ

ТВ, радио нэтынхэр | Щэбэт кьыдокІыгъуэ | Малъхъэдис

Мы махуэхэм

Фокіадэм и 4, щэбэт

◆ **Ядернэ Іуэхуэхэмкіэ Іэщіагъэлым и махуэщ**

◆ Илъэс 55-рэ и пэкІэ дипломат зэхуэщытыкІэхэр зэхуэІэхуащ СССР-мрэ Ливие Хьэрыіп Джемахириемрэ. 1991 гъэм и дыгъэгъазэм СССР-р кьут зкри, Урысейм абы и кьалэнхэр кьищтащ.

◆ 1653 гъэм Кьрым хъанэр дзэшхуэ щыгъуу Къэбэрдейм кьытеуащ. Абы шыуэ, Іэщышхуэу куэд здахуащ, сабийуэ 130-рэ здашащ.

Фокіадэм и 5, тхьэмахуэ

◆ **Фокіадэм и 5 - 6-хэм я зэбгъэкІыгъуэр кьэдэр жэщщ - муслымэнхэм я гуфІэгъуэщ.** КъэкІуэнур Т хьэшыу эм щиубзыху, мамырыгъэм, зэпІэзэрытныгъэм я жэщщ.

◆ Илъэс 20 и пэкІэ дипломат зэхуэщытыкІэхэр зэхуэІэ хьуащ СССР-мрэ Кирибати Республикэмрэ. Ильэс дэкІри, СССР кьуэжьам и кьалэнхэр Урысей Федерацэм кьищтащ.

◆1932 гъэм Іуащхьэмахуэ и джабэм, метр 4200-рэ и льагагъыу щаухуат «ПщыкІуэым я екІуэлапІэ» («Приют одиннадцати») зыфІащэ турбазэр.

Фокіадэм и 6, блыщхьэ

◆**Шэшэн Республикэм и жылагъуэ зэгурыІуэныгъэмрэ зэкъуэтыныгъэмрэ я махуэщ**

◆**Болгариемрэ зэгухьэныгъэм и махуэщ**

◆Сказилендэ Пащтыхьыгъуэм и льэпкъ гуфІэгъуэщ - 1968 гъэм кьэралыр щхьэхуит хьуащ.

◆Фокіадэм и 6 - 9-хэм Страсбург (Франджы) Европей парламентым и сессие щекІуэкІынущ.

◆1991 гъэм Ленинград кьалэм и фащІыгъэцІэр Санкт Петербургым хуагъэкІуэжащ.

◆1939 гъэм Налшык щыгъэжапІэ кьыщызэІуахащ.

Планэлэр зыгъэхьэзырар **ГЪУЩІО Зарифщ.**

Іэлъпкъ Іуэщыгъэ:

Бдзэжьей цІыкІу псышхуэ итхьэлэрэ?

«Щыналъэм и зыужьыныгъэр къыщежьэнур Къэбэрдей-Балъкъэрырщ»

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).

Щыналъэм папщIэ инвестицэхэр къызэщIэгъэуIуэным и лъэныкъуэкIэ иIэ мурадыщIэхэм теухуа упщIэм и жэуапу Хлопонин Александр къыпыгуфIыкIащ: «Сэ си мурадхэмрэ Къанокъуэ Арсен и мурадхэмрэ зэхэплъхьэмэ, ахэр дгъэзэщIэн папщIэ республикэр къыдэмэщIэкIынкIэ хъунущ». АдэкIэ абы къыхигъэщащ федеральнэ центрым къадиIыгъ проект хьэзырхэр зэрыщыIэр, ауэ «бюрократием кIыхьлIыхьу фIэкI зэрызимыгъазэр». Абы зэрыжиIамкIэ, 2010 гъэм Iуэху псоми зыхуэгъэхьэзырын яухынущ икIи 2011 гъэм «Кавказ Ищхъэрэм и цIыхухэм я пащхьэ Iуэху пыухыкIахэр, лэжьапIэ IэнатIэхэр, лэжьапщIэхэр иралъхьэн хуейщ».

Сочэ щекIуэкIыну Олимп Джэгухэм ехьэлIауэ языныкъуэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм политикэ зэныкъуэкъухэр къаIэтыну зэрыхущIэкъум теухуауэ абы къыхигъэщащ: «Иджыпсту дэ ди къалэныр илъэси 100 е илъэс 200 и пэкIэ тхыдэм къыщыхъуахэр зэпкърытхыныркъым, атIэ япэкIэ дыкIуэтэнырщ. Сочэ Кавказым щыщщ, Урысейм и щIыналъэщ, абы щекIуэкIыну Олимп Джэгухэм дуней псом, Урысейм, хэхауэ Кавказым щыщ спортсменхэр хэтынущ. Олимпиадэр къыщызэIуахым хиубыдэу екIуэкIыну фестивалым и утыкум Кавказым ис лъэпкъ псори къихьэнущ икIи езыхэм я щэнхабзэр, хабзэхэр, зэхущытыкIэхэр къагъэлъэгъуэнущ. Сэ срителъхьэкъым Урысей Федерацэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым я тхыдэхэр щIэпщытыкIыжыным. Тхыдэм дыщыгъуазэу, абы пщIэ хуэтщIу, ди адэжьхэр фIыуэ тлъагъуу икIи дгъэлъапIэу дыщытын хуейщ, ауэ дыздэкIуэн хуейр япэкIэщ икIи абы папщIэ текI имыIэу экономикэм делэжьын, цIыхухэм папщIэ IэнатIэхэр къызэдгъэпэщын хуейщ».

Хлопонин Александр хэкъузауэ жиIащ терроризмэр хэхауэ Кавказым пыщIауэ къызэрахьыр къызэримыщтэр: «Терроризмэр XXI лIэщIыгъуэр зыхэт емынэ узыфэщ, ар США-ми, Европэми, Урысейми нобэ щыIэщ. Ауэ Урысейм и ищхъэрэ гъунапкъэхэм нэхъ япэу къажьэхоуэ КъуэкIыпIэ Гъунэгъум, нэгъуэщI щIыналъэхэм къыщежьэ терроризмэм и Iэужьхэр. А удыныр псом япэу зэуалIэр Кавказырщ. Аращи, дэ ар зэранышхуэ къытхуохъу, ди жагъуэ зэрыхъущи, ди цIыхухэр хокIуадэ. Дауэ атIэ ем дызэрыпэлъэщынур? Дэ иджыпсту хабзэхъумэ органхэм я зэфIэкIыр къыдоIэт. Ауэ езы цIыхухэм я дэIэпыкъуныгъэ хэмылъу дэ щIэпхъаджагъэхэм дапэлъэщынукъым. ЦIыхухэр и тегъэщIапIэу щымытмэ, ар зыхузэфIэкIын хабзэхъумэ системэ щыIэкъым. ЕтIуанэ Iуэхущ ди бийхэм ягъэIу пцIыхэм япэщIэтыныр. Интернетыр, нэгъуэщI къэралхэм щылажьэ хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэр къагъэсэбэпурэ, экстремистхэм щIалэгъуалэм я пащхьэ иралъхьэ езыхэм ислъамым и хабзэу ягъэIу, ауэ дин нэсым зыкIи пымыщIа пцIыхэр. Ещанэу къэгъэлъэгъуапхъэщ апхуэдэ дин нэпцIымрэ пыгъэщхьэхукIыныгъэхэмрэ зэфIэкIышхуэ зыбгъэдэмылъ, щIэныгъэ зимыIэ щIалэгъуалэр нэхъ псынщIэу зэратхьэкъур. Абы къыхэкIыу дэ нэхъ ерыщу делэжьын хуейщ щIалэгъуалэм щIэныгъэ нэс егъэгъуэтыным. Акъылрэ гъэсэныгъэрэ зыбгъэдэлъ цIыхурщ философие нэпцIымрэ дин хабзэ нэпцIхэмрэ япэщIэувэфынур. Апхуэдэу дэ зыгурыдгъэIуэн хуейщ мыхьэнэшхуэ зиIэ нэгъуэщI зы Iуэхуи: жылагъуэр къарууншэщ, абы и гур иуда мэхъу лэжьапIэхэр щымащIэм деж. Кавказым и гугъу пщIымэ, ди цIыхухъухэм я дежкIэ хэхауэ Iуэхушхуэщ дэтхэнэми езым и унагъуэр зыхуей хуэзэу ипIынымкIэ Iэмалхэр иIэныр. Абы къыхэкIыу дэ лэжьапIэ IэнатIэхэр къызэдгъэпэщынущ, экономикэм зедгъэужьынущ. Иужьрей дыдэу жысIэну сызыхуейр арщи - дэ щысхьырабгъу имыIэу зэтедукIащ, дяпэкIи зэтедукIэнущ цIыху теплъэм имытыж апхуэдэ хьэкIэкхъуэкIэхэр. Абы папщIэ дэ къарууи, мылъкууи, зэфIэкIыуи дызыхуеинум хуэдиз диIэщ».

Къанокъуэ Арсен журналистхэр еупщIащ илъэситху гъунэгъум къриубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым и зыужьыныгъэр зыхуэунэтIауэ щытынухэмкIэ. «Ди зыужьыныгъэм и унэтIыныгъэхэр щIэтхъуэжын щыIэкъым, ауэ иджырей технологиехэр, щIэныгъэшхуэ зыбгъэдэлъ IэщIагъэлIхэр къэдгъэсэбэпынущ, инвестицэхэр къызэщIэдгъэуIуэнущ. Зэхэтлъхьа проект псори Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым зыужьыныгъэмкIэ и стратегием хеубыдэри , сэ къызэрыслъытэмкIэ, дэ абы езэгъыу дылэжьэфынущ. Проектхэм я нэхъыбэр аграрнэ IэнатIэм, промышленностым, турист-рекреацэ комплексым зегъэужьыным ехьэлIащ. Ауэ Александр Геннадий и къуэм зэрыжиIауэ, цIыхухэр мамыру псэун папщIэ республикэм шынагъуэншагъэ къыщызэгъэпэщын хуейщи, а Iуэхум дэ жыджэру делэжьынущ», - жиIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэм.

ТОЛАСОВЭ Екатеринэ.

●Ди сурэт гъэтIылъыгъэхэр

ЩэмырзэТауэ и къуэ Хьэмид.
Джылахъстэней, ХьэпцIей къуажэ, 1905 гъэ.
Сурэтыр **КъардэнгъущI Зырамыку** *2001 гъэм къыдитащ.*

Транспорт IэнатIэхэм шынагъуэншагъэм егъэпIейтей

●КъБР-м и МВД-м

Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министру КъБР-м щыIэ генерал-лейтенант Томчак Юрий иригъэкIуэкIащ КъБР-м щыIэ МВД-мрэ ЛОВДТ-мрэ терроризмэ щIэпхъаджагъэхэр ялэжьыну зызыгъэхьэзыр бзаджащIэхэр къыщIэгъэщыным зэрыщызэдэлэжьэнум теухуа зэIущIэ.

ТРАНСПОРТ IэнатIэхэр терактхэм щыхъумэным и гугъу щищIым, министрым къызэхуэсахэм гу лъаригъэтащ Налшык аэропортыр хъумэным. Абы илъэсиплI хъуауэ хъумакIуэхэм мылъку хухахыным теухуа унафэ къищтэфыркъым (банкрот Iуэхум къыхэкIыу). ЗэIущIэм зэрыщыжаIащи, IуэхущIапIэм абы и хэкIыпIэхэр къимыгъуэтмэ, аэропортым дунейпсо мыхьэнэр Iахыжын хуейщ. Министрым жылагъуэ шынагъуэншагъэмкIэ милицэм къалэн щищIащ щытыкIэр нэсу щIипщытыкIыу, хуэфащэ Iуэхугъуэхэр къыхилъхьэну.

Томчак Юрий къыхилъхьащ прокурор гулъытэр къагъэсэбэпыну, линейнэ милицэм и унафэщIхэм ящIыгъуу терроризмэмрэ экстремизмэмрэ пэщIэтынымкIэ план щхьэхуэ зэхагъэувэну.

Министрым къызэрилъытэмкIэ, сыт щыгъуи милицэм и нэIэ тетын хуейщ къалэхэр зэпызыщIэ, цIыху къезышэкI автобусхэр, абы Москва лъэныкъуэкIэ кIуэхэри яхэту. Республикэм къакIуэр, ар къыщIэкIуэр, абыхэм учетым щытхэр яхэт-яхэмытыр, абыхэми, нэгъуэщI Iуэхугъуэхэми щIэпхъаджагъэхэр къызэпыудынымкIэ жэуап зыхь IэнатIэхэм махуэ къэс гу лъатапхъэщ. Апхуэдэуи абы къилъытащ, Iэмал имыIэу республикэм щыIэ кхъухьлъатэ псори щIапщытыкIыну, ахэр диверсие-террорист щIэпхъаджагъэхэр ялэжьыным къыщамыгъэсэбэпын папщIэ.

Томчак Юрий къызэрыхигъэщамкIэ, МВД-мрэ ЛОВДТ-мрэ сэбэпынагъ къэрикIуэу зэдэлэжьэным и хэкIыпIэхэм ящыщщ оперативнэ, экспертнэ IэнатIэхэр, плъыр частхэр яIэ хъыбархэмкIэ зэхъуэжэныр.

ЗэIущIэм кърикIуахэр щызэхилъхьэжым, министрым къыхигъэщащ щытыкIэр къызэщIэплъэ хъужыкъуэмэ, сыт и лъэныкъуэкIи я къалэным хуэщIауэ щытыныр къызэхуэсахэм адэкIи ирагъэфIэкIуэн зэрыхуейр.

КIАСЭ Маринэ.

Офицер дамэтелъхэр ярет

КЪЭРАЛ кIуэцI IуэхухэмкIэ министру КъБР-м щыIэ генерал-лейтенант Томчак Юрий УФ-м и МВД-м и Краснодар университетым и къудамэу Налшык дэтым щыIащ икIи ар къэзыухахэм милицэм и лейтенант нэхъыщIэ япэ офицер дамэтелъхэр яритащ. Республикэ милицэм и пресс-IуэхущIапIэм къызэритамкIэ, гуфIэгъуэ зэIущIэм ирихьэлIащ милицэм и ветеранхэр, КъБР-м и МВД-м и Жылагъуэ советым и лIыкIуэхэр.

ЕджапIэм и утым къыщызэхуэса курсантхэмрэ егъэджакIуэхэмрэ ЩIэныгъэм и махуэмкIэ, КъБР-м и Къэралыгъуэм и махуэмкIэ ехъуэхъуащ. Дамэтелъхэр ятыныр Урысей Федерацэм и гимнымкIэ къыщIадзащ.

Урысей милицэм хыхьахэм защыхуигъазэм, Томчак Юрий жиIащ зрагъэгъуэта я щIэныгъэм и фIагъым адэкIи хагъэхъуэн зэрыхуейр. «Фэ къыфпэщылъщ УрысеищIэр зыхуеину IэщIагъэлI фыхъуну», - къыхигъэщащ министрым.

Министрыр ящIэупщIащ IэщэкIэ зэщIэузэда щIэпхъаджащIэхэм щапэувам уIэгъэ хъуа милиционерхэм икIи я узыншагъэр псынщIэу зэтеувэжмэ зэригуапэр яжриIащ. Ар яхуэзащ абыхэм къеIэзэ дохутырхэм, я узыншагъэр зэрызэфIэувэжыр, абы и лъэныкъуэкIэ зыхуеину медицинэ препаратхэр нэсу яIэмэ зригъэщIащ.

УАРДЭ Женя.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2010 гъэм шыщхьэIум и 30-м *№338-рп*

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэмрэ Урысей Федерацэм ЩIыналъэхэм зегъэужьынымкIэ и министерствэмрэ 2010 гъэм накъыгъэм и 27-м зэращIылIа зэгурыIуэныгъэ №187/210-м (адэкIэ - ЗэгурыIуэныгъэщ) ипкъ иткIэ:

1. ЗэгурыIуэныгъэм и гуэдзэн №1-м тету автотранспортымрэ коммунальнэ техникэрэ къэщэхунымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и уполномоченнэ къэрал органу къэрал заказчикым и къалэнхэр игъэзэщIэну хэхын Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Къэрал мылъкур зехьэнымрэ щIы IуэхухэмкIэ и министерствэр.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ПромышленностымкIэ, гъэсыныпхъэ-энергетикэ комплексымкIэ, псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министерствэм яхуэгъэувын, Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ и министерствэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм чэнджэщ етын «Къэралымрэ муниципалитетхэмрэ зыхуейхэм папщIэ товархэр къегъэшэнымкIэ, лэжьыгъэхэр зэфIэгъэкIынымкIэ, Iуэхутхьэбзэхэр щIэнымкIэ заказхэр зэрыхагуашэм и IуэхукIэ» 2005 гъэм бадзэуэгъуэм и 21-м къыдэкIа Федеральнэ закон №94-ФЗ-м къигъэувхэм тету, спецификацэ зэпкърыха, автотранспортыр, коммунальнэ техникэр къэщэхунымкIэ къэрал контрактхэм я пэщIэдзэ (узыщхьэпрыкI мыхъуну) уасэхэу «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр къэрал IуэхукIэ зыхуейхэм папщIэ товархэр къегъэшэнымкIэ, лэжьыгъэхэр гъэзэщIэнымкIэ, Iуэхутхьэбзэхэр зэфIэгъэкIынымкIэ заказхэр щыхагуашэкIэ къэрал контрактым и пэщIэдзэ (узыщхьэпрыкI мыхъуну) уасэр зэрагъэбелджылы щIыкIэм и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2009 гъэм жэпуэгъуэм и 2-м къищта Унафэ №251-ПП-м тету къабжахэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Къэрал мылъкур зехьэнымрэ щIы IуэхухэмкIэ и министерствэм иратыну.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Къэралыр зыхуейхэм папщIэ заказхэр хэгуэшэнымкIэ и къэрал комитетым хуэгъэувын аукцион егъэкIуэкIынымкIэ документацэр игъэхьэзырыну икIи псоми къагъэсэбэп транспортымкIэ цIыхухэр къызэрагъэпэщын, узыншагъэр хъумэным и IуэхущIапIэхэр, милицэм и IэнатIэхэр, псэупIэ коммунальнэ хозяйствэм и предприятэхэр ЗэгурыIуэныгъэм и гуэдзэн №1-м къызэрыщыгъэлъэгъуам хуэдэу техникэрэ мылъкукIэ къызэрагъэпэщын папщIэ централизованнэу автотранспортымрэ коммунальнэ техникэмрэ къэралыр зыхуейхэм папщIэ къэщэхунымкIэ къэрал заказыр хэгуэшэныр иригъэкIуэкIыну.

4. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ФинансхэмкIэ и министерствэм хуэгъэувын ирагъэкIуэкIа аукционым кърикIуахэм япкъ иткIэ, автотранспортымрэ коммунальнэ техникэмрэ къэщэхунымкIэ къэрал контрактхэм трагъэкIуэдэну ахъшэр ЗэгурыIуэныгъэм и гуэдзэн №2-м къыщыгъэлъэгъуам хуэдизу къызэригъэпэщыну.

5. Мы Унафэр зэрагъэзащIэм кIэлъыплъыну и пщэ илъхьэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщIым и япэ къуэдзэ Тхьэзэплъыж М. ТI.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщIым и къалэнхэр зыгъэзащIэ
ТХЬЭЗЭПЛЪЫЖ Мурат.

●Ди псэлъэгъухэр

Сату нагъыщэ

Къэралыр зытета экономикэ ухуэкIэр «хуиту» зэраутIыпщам наIуэу къигъэлъэгъуащ ипэрей Iуэху зехьэкIэр къызэремызэгъыжыр. Иджы гъащIэр теухуащ «Хьэрычэт пхэлъмэ, берычэт уиIэнщ» адыгэ псалъэжьым и мыхьэнэм. Псом хуэмыдэу жэуап ехь цIыху гупышхуэ зыпэрыт IэнатIэр зезыхьэ унафэщIым, сыту жыпIэмэ абы и пщэ къыдэхуащ лэжьакIуэхэр зэман гугъум хэгъэпсэукIыным епха Iуэхугъуэ куэд. ЩыIэжкъым зы мардэ ткIийм иту къэралым къигъэува къалэныр бгъэзащIэмэ, «уэху» жыпIэжу щыщыта зэманыр. Ауэ, дапхуэдизу зэманыр гугъуми, зэрыжаIэщи, лэжьэну хуейм Iэмал къегъуэт, мылэжьэнум щхьэусыгъуэ къелъыхъуэ.

Апхуэдэ гупсысэхэр ди тегъэщIапIэу етшэжьащ Прохладнэ къалэм щызэхэт, «Виноград» акционерхэм я зэгухьэныгъэ зэхуэщIам и генеральнэ директор Тхьэлыджокъуэ Сэфарбий дедгъэкIуэкIа псалъэмакъыр.

Езы Тхьэлыджокъуэм теухуауэ:
Алътудкъуажэмщыщадыгэунагъуэмкъыщыхъуащ. Курыт еджапIэ нэужьым ерыскъы промышленностым теухуа IэщIагъэ зригъэгъуэтащ. Экономикэ щIэныгъэхэм я кандидатщ. ЛIэщIыгъуэ плIанэ хъуауэ КъБР-м и кооперацэм и IэнатIэ зэмылIэужьыгъуэхэр жыджэру зэрехьэ. 2002 гъэ лъандэрэ «Виноград» акционер зэгухьэныгъэм и генеральнэ директорщ. Тхьэлыджокъуэм хэхакIуэхэм я дзыхь кърагъэзурэ, КъБР-м и Парламентым и хэхыгъуитIым хэтащ, ФIагъымрэ маркетингымкIэ дунейпсо академием щIыхь зиIэ и академикщ.

- **Сэфарбий, узыпэрыт IэнатIэр рынокым и «дурэшплIэрэшхэм» дэкIуэдэным нэсат, абы и унафэщIу ущагъэувам. Дауэ утегушхуа?**

- Лэжьыгъэм нэуфIыцIщхьэрыуэу упэрыувэ зэрымыхъунур къызгурыIуэрт. Ерыскъы промышленностым хыхьэ IэнатIэхэр икъукIэ гугъущ: IэфIыкIэ зыщIри, щIакхъуэ зыгъажьэри - псори цIыхур зыщIэупщIэм епхащ. Ар арэзы пщIыну, зыхуей фIагъым унэсыну тыншкъым. Сэ потребкооперацэм сыщыщылажьэм фIыуэ щыгъуазэ сыхъуат акционер обществэ зэхуэщIам и IэщIагъэлIхэм яхузэфIэкIынур зыхуэдэм, IэнатIэр къызэрекIуэкIам. Ар къызэIуахащ 1945 гъэм, Хэку зауэшхуэм ТекIуэныгъэр къыщахьу Прохладнэ къэзыгъэзэжа зауэлIхэм хуаIэта хъуэхъубжьэр къыщрагъэхъуар къалэм къыщызэIуаха заводым и япэ кIадэрщ. Ауэрэ зэманыр кIуащ, зауэ нэужь илъэс гугъухэр къызэринэкIри, щIэуэ къэув къалэнхэм ехъулIэныгъэкIэ пэлъэщурэ, заводыр республикэм къыщымынэу, къэралым цIэрыIуэ щыхъуащ. Абы и лэжьыгъэм, псом хуэмыдэу директорхэм унафэ зэращIу щытам, нобэрей рынокым «узэрыпхыкIын» IэмалхэмкIэ дерсыфI куэд къуат. Сэ щIэныгъэхэм я кандидат лэжьыгъэр щызгъэхьэзырым, мыбы сыкъэкIуэн и пэ къихуэу, щыгъуазэ зысщIащ заводым и унафэщIу лэжьахэу Мамбергер Константин, Немов Василий сымэ, абыхэм ягъуса, ноби гупым яхэт IэщIагъэлIхэу инженер нэхъыщхьэ Пулин Александр, КъБР-м мэкъумэш хозяйствэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Подзолковэ Ольгэ, агроном нэхъыщхьэ Подзолков Анатолий сымэ я Iуэху зехьэкIэм. Апхуэдэ унафэщIхэм я псалъэ щыпхыкIыу, щIэныгъэлI гъуэзэджэхэм я Iэзагъыр лъабжьэу иIэу илъэс куэдкIэ къекIуэкIа заводыр Iэмал имыIэу къэIэтыжын хуейт. Мис а мурадыращ мы IэнатIэр къыщысхуагъэфащэм сытезыгъэгушхуар.

- **«Виноград» акционер обществэ зэхуэщIар унэтIыныгъэ зыбжанэ зиIэщ: жызумей къыщыкI гектару 700, пхъэщхьэмыщхьей хадэ, Iэщышхуэ гъэхъун... А IэнатIэхэр япэми щыIэт, ауэ Прохладнэ къалэм, районым я унафэщIхэм зэрыжаIэу щытамкIэ, арэзы укъищIу лажьэрткъым.**

- Зэтегъэувэжын хуейр лэжьыгъэмрэ лэжьэкIэмрэ я закъуэткъым, атIэ Прохладнэ щащI коньякхэм, нэгъуэщI фадэ лIэужьыгъуэхэм цIэрыIуагъыу къэрал псом щаIар къэIэтыжын, акционер обществэ зэхуэщIар махуэ къэс зызыубгъу рынок сатум хэшэжын хуейт. Ди зэманым и нэщэнэ нэхъыщхьэрэщи, Iуэхур къыдэпхыныр гугъущ, ауэ ар зэ ехуэха нэужь, къэпIэтыжыныр нэхъ гугъужщ.

- **Дэнэ-тIэ къыщыщIэбдзар заводым иIа цIэмрэ щхьэмрэ ебгъэгъуэтыжыныр?**

- Ерыскъы щагъэхьэзыр IэнатIэр къэIэтыныр Iуэхугъуиищым епхащ: хэзыщIыкI IэщIагъэлIхэм я зэфIэкIым, ерыскъыр къызыхэпщIыкIыныр ууейуэ уиIэным, технологие лъагэм тет лэжьэкIэм. Гугъуехьыр зыпыщIар а Iуэхугъуищри зэгъусэу зэфIэгъэкIын хуейуэ къызэрытпэщылъырт. Ди гугъат лэжьакIуэхэмкIэ гугъу демыхьыну. Заводым и хъуреягъкIэ щыт унэхэр къанэ щIагъуэ щымыIэу абы иухуат, щылажьэхэм я нэхъыбэри щыпсэурт. Ауэ псэупIэхэр унейуэ яIэрыхьа нэужь (приватизацэ ящIу), щылэжьауэ щыта цIыху 2800-м ящыщу закъуэтIакъуэщ къэзыгъэзэжар.

Апхуэдизу дзыхь кърагъэзыжыртэкъым, улахуэр игъуэм яхуэтыжыртэкъым, банкрот хъуным нэсати. Къалэм, къуажэ гъунэгъухэм щыпсэу цIыхухэм къахэкIащ лэжьакIуэ хъарзынэхэр. IэщIагъэм куэд хуедгъэджащ, Акционер обществэм и IэнатIэхэм нобэ щолажьэ зи къалэным пэлъэщ, зэакъылэгъу, IэщIагъэм хуэшэрыуэ цIыху гупышхуэ - 600-м щIигъу.

- **ИтIани, жызум къехьэлIэжыгъуэм гугъу фохь - лэжьакIуэIэр фхурикъуркъым. Сыт абы и хэкIыпIэр?**

- Иужьрей зэманым нэхъ сызыгъэпIейтей IуэхугъуэмкIэ укъызэупщIащ. Япэм щыгъуэ жызумыр къыщыпытчыж зэманым, УФ-м ГуащIэдэкIым теухуа и законым ипкъ иткIэ, школхэм, нэгъуэщI еджапIэхэм (къэралым и адрей щIыналъэхэм щыIэхэми) дагурыIуэрти, абыхэм щIэс еджакIуэ ныбжьыщIэхэр къедгъэблагъэрти, бригадэу гуэшауэ лажьэрт: ар ди дежкIэ сэбэпт, езы цIыкIухэми улахуэ, зэрылэжьам теухуауэ, яттырт. ЛъэныкъуитIым ди дежкIи щхьэпэ апхуэдэ зэдэлэжьэкIэр сабийхэм я еджэным зэран хуохъу жари, якъутэжащ. Сэ сщIэркъым цIыкIухэм щIэныгъэ егъэгъуэтыныр абы къызэпиуду, ауэ ар зэрагъэкIуэдыжар щIэблэр гуащIэдэкIым хэшэным, зэакъылэгъуу, зэгурыIуэу, гъэсэныгъэ яхэлъу лэжьыгъэм пэрыт гуп хъуным зэран зэрыхуэхъум шэч хэлъкъым. Мы IуэхумкIэ къыддэIэпыкъуну дэ зыхуэдгъэзащ Прохладнэ къалэ округым и унафэщIым: «Зи ныбжь иримыкъуахэр лэжьыгъэ IэнатIэкIэ къызэгъэпэщыным дэ сыткIи дыхуэхьэзырщ. ДыволъэIу, УФ-м и ГуащIэдэкI кодексым тету, еджакIуэ бригадэхэр къызэгъэпэщынымкIэ фыкъыддэIэпыкъуну. НыбжьыщIэхэр лэжьыгъэм щIэпIыкIынымрэ еджэныгъэмрэ егъэлеяуэ зэпэIэщIэ хъумэ, абы фIым хуишэнукъым а щIэблэм и къэкIуэнур», жытIэри.

- **Куэдым къыбдаIыгъынущ, Сэфарбий, апхуэдэ уи Iуэху еплъыкIэр. Уи гупсысэмкIэ дгъэзэжынщи, сыт апхуэдиз мыхьэнэ щIептыр уи жызум уиIэжыным... Коньяк зыщIхэм нэгъуэщI Iэмалхэри къагъэсэбэп. Псалъэм щхьэкIэ, хьэзыру зэхащIэ.**

- Апхуэдэу пщIымэ, упыкIащ къэралми дунейми щекIуэкI сатум цIэрэ щхьэрэ къыщыпхьыным, нэгъуэщIу жыпIэмэ, уи «сату нагъыщэ» уиIэнукъым. Коньякым и фIагъыр къыщежьэр жызумырщ. Дэ къыдогъэкI жызум лIэужьыгъуэу пщыкIутху, абыхэм къыхыдощIыкI фIэщыгъэ зэмыщхьу бгъу зиIэ коньякхэр, нэгъуэщI фадэхэр.

- **Фэндырэ абрагъуэхэр сатыру щыгъэува фи щIыунэхэр ещхьщ нарт хъыбарым щекIуэкI къэхъукъащIэхэм: нартхэм я санэхуафэу, кIадэхэм санэр къыщыпкIыу.**

- Пэж дыдэщ. Жыгей бошкIэшхуэхэм иту, апхуэдэ щIыкIэкIэ коньякыр фIагъ лъагэм нэхьэсыныр лIэщIыгъуэхэм къадекIуэкI хабзэщ. Ди фадэ лIэужьыгъуэхэм хуэфащэ щIэупщIэ щагъуэт республикэми, УФ-ми, нэгъуэщI къэралхэми щекIуэкI зэхьэзэхуэхэм: Москва гъэ къэс щыIэ «Бжьыхьэ дыщафэ» гъэлъэгъуэныгъэм, къэрал куэдым я лIыкIуэхэр хэту Ялтэ къыщызэрагъэпэща «Дыщэ Грифон», Нью-Йорк, Женевэ щызэхэта зэпеуэхэм дыщэ медалхэр, дипломхэр, саугъэт лъапIэхэр къыщытлъагъэсащ. Инджылызым щыIа дунейпсо гъэлъэгъуэныгъэм Урысейм икIыу кIуа делегацэм дыхэтащ икIи ди гуапэ мыхъуу къэнакъым дэ къыщIэдгъэкIа коньякым и фIагъым къыпэкIуэу «Интернационал-диплом» къызэрытхуагъэфэщар.

ЕхъулIэныгъэ гуэрхэм дыхунэсащ жыпIэу укъэувыIэ хъунукъым. Лэжьыгъэм и къызэгъэпэщыкIэр егъэфIэкIуэныр зэи зэпыбгъэу мыхъун Iуэхущ. ЩIэм тетыныр, зэманым декIуныр пхузэфIэмыкIмэ - укъыкIэрыхуащ.

Иджыпсту дэ щIэуэ дгъэуващ икIи лажьэу дукъуэдиящ зы сыхьэтым коньяк зэмылIэужьыгъуэу литр минитху щрагъахъуэ Iэмэпсымэхэр. Ар къыдолъытэ ди республикэм ерыскъы промышленностыр щегъэфIэкIуэным теухуауэ КъБР-м и Президентым, Правительствэм къыхалъхьа Iуэхугъуэхэр дгъэзэщIэным и щIэдзапIэу.

- **2010 гъэм дауэ фехъулIэну угугъэрэ?**

- Дызыхуэзэ лъэпощхьэпохэм щхьэкIэ къэмынэу, ди пщэ дэтлъхьэжа къалэнхэм дыхунэсыну мурад быдэ диIэщ. Псом нэхърэ нэхъыщхьэу къэтлъытэр ди лэжьакIуэхэр арэзы щIынырщ. Мы зэманым абы нэхърэ нэхъ гугъу щыIэу къыщIэкIынкъым. Щышылэм къыщыщIэдзауэ улахуэм процент 20-кIэ хэдгъэхъуащ. ХуэмыщIауэ псэухэм, бынунагъуэшхуэхэм защIыдогъакъуэ. ЛэжьакIуэм шэджагъуашхэ идогъэщI тумэн зытIущ нэхъ темыкIуадэу. Заводым и хъуреягъыр: псэупIэхэр, унэхэр зытет уэрамхэр, пщIантIэхэр зэIузэпэщ дощI. КIэщIу жыпIэмэ, тхузэфIэкIыну ди гугъэщ 2010 гъэри ехъулIэныгъэкIэ къетхьэлIэну.

БЖЭНЫКIЭ Мухьэб,
КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист.

●КъБР-м и прокуратурэм

Уасэхэм якIэлъоплъ

ИДЖЫБЛАГЪЭ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и прокуратурэм щекIуэкIащ экономикэм и IэнатIэм щалэжь хабзэншагъэхэм япэщIэтынымкIэ ведомствэхэм зэдай лэжьакIуэ гупым я зэIущIэ. Абы кърихьэлIащ Федеральнэ антимонопольнэ къулыкъущIапIэм и управленэу КъБР-м щыIэм, Роспотребнадзорым, Россельхознадзорым я къудамэу КъБР-м щыIэхэм, къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министерствэу КъБР-м щыIэм, ШынагъуэншагъэмкIэ федеральнэ къулыкъущIапIэм и Управленэу КъБР-м щыIэм я лIыкIуэхэр. ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ дунейм и щытыкIэр зэрызэIыхьам икIи Урысейм и языныкъуэ щIыналъэхэм мафIэс куэд къызэрыщыхъум къыхэкIыу гъавэм, хьэжыгъэм, абыхэм къыхащIыкI ерыскъыпхъэхэм я уасэхэр зэрагъэув щIыкIэм кIэлъыплъыным.

ЗэIущIэм къыщащта унафэм ипкъ иткIэ, уасэхэр егъэлеяуэ щыдрагъэуей, языныкъуэ ерыскъыгъуэхэр зыщэхэр зэгурыIуэу ахэр лъапIэ щащI къэмыгъэхъуным хуэунэтIа кIэлъыплъыныгъэ ирагъэкIуэкIынущ икIи апхуэдэ хабзэншагъэхэм ткIийуэ япэщIэувэнущ.

Республикэм и къалэхэмрэ районхэмрэ я прокурорхэм я пщэ иралъхьащ зыхуэфащэ ведомствэхэм ящIыгъуу апхуэдэ къэпщытэныгъэхэр ирагъэкIуэкIыну. КIэлъыплъыныгъэм кърикIуэхэмрэ абыхэм ехьэлIауэ прокуратурэм зэфIигъэкIхэмрэ цIыхубэ хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэм къытрадзэнущ.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-IуэхущIапIэ.

ВАЗ-21099 автомашинэ плъыжьыр, щIэпхъаджащIэр къалъыхъуэ

●Гу зылъытапхъэ

ЩIэпхъаджагъэ хьэлъэхэр зылэжьа, ахэр къызэзыгъэпэща бзаджащIэхэр Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министерствэу КъБР-м щыIэм, адрей хабзэхъумэ IэнатIэхэм ящIыгъуу, республикэм щыпсэухэр и щIэгъэкъуэну къелъыхъуэ.

ШЫЩХЬЭIУМ и 31-м и жэщым Аруан куей ОВД-м и плъыр-пост гупым, ВАЗ-21099 автомашинэр (къаIэрыхьа хъыбарымкIэ, и пэ къихуэу ирахужьар) къалъыхъуэу, абы и плъыфэ «Жигули»-р къигъэувыIащ. Я тхылъхэр кърагъэлъагъуну щыжраIэм, автомашинэм исхэр милицэм и лэжьакIуэхэм къахэуэу щIадзащ. Хабзэхъумэхэр абыхэм япэуври бзаджащIитIым языр яукIащ, адрейр щIэпхъуэжащ. КIэрахъуэ, Iэщэ Iэмэпсымэ куэд къытрахащ. А зэхэуэм милицэм и лэжьакIуитI уIэгъэ щыхъуащ.

Следствэ IэнатIэм и лэжьакIуэхэр, экспертхэр, криминалистхэр, кинологхэр зыхэт гупым щIыпIэр къапщытащ. ЯукIа бзаджащIэр хэтми яубзыхуащ. Ар 1981 гъэм къалъхуа нарткъалэдэсырщ, щIэпхъаджагъэ зыбжанэ зэрилэжьам къыхэкIыу къалъыхъуэрт.

Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министру КъБР-м щыIэм и унафэкIэ «Вулкан-3», «Перехват» Iуэхугъуэр зэтраублащ, авиацэр къагъэсэбэпу къэлъыхъуэныгъэ лэжьыгъэр йокIуэкI.

КъБР-м щыIэ МВД-м цIыхухэм захуегъазэ ирагъэкIуэкI къэпщытэныгъэхэр къагурыIуэну, сакъыныгъэр зыщамыгъэгъупщэну. ВАЗ-21099 автомашинэ плъыжьыр, Х375ВА07 къэрал номерыр зытелъыр, апхуэдэуи къалъыхъуэ щIэпхъаджащIэм уIэгъэ игъуэтагъэнкIи мэхъу, я хэщIапIэм фрихьэлIэмэ, мы телефонхэмкIэ фыпсалъэ:

48-16-37 - оперативнэ штаб;
40-49-10 - КъБР-м щыIэ МВД-м и плъыр часть;
47-15-16 - УФ-м и ФСБ-м и IуэхущIапIэу КъБР-м щыIэм и плъыр часть.

УФ-м и прокуратурэу КъБР-м щыIэм и Следственнэ Комитетым СледствэмкIэ и управленэм УФ-м и УК-м и статья зыбжанэм япкъ иткIэ уголовнэ Iуэху къиIэтащ.

Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министерствэу КъБР-м щыIэм и пресс-IуэхущIапIэ.

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ



«Рыфыбг» пськъелъэхэм ящыщ зы



ЛъэсырыязэпкIэ лъэмыж

Адэшхуэм пхиша лъагъуэ

● ДифI догъэлъапIэ

Шыщхьэлум и 19-м кьыдэкIа «Адыгэ псалъэм» кьытедзаащ адыгэ щIалэщIэ Пшынэл Аэрмэтбий Сингапурым щекIуэкI Ягъ Ныбжьыщ Олимп Джэгухэм бэнэкIэ хуитымкIэ текIуэныгъэ кьызэрыщхьан теухуа гуфIэгъуэ хьыбарыр. Нобэ псальэмакъым пыдощэ икIи Къэрэшей-Шэрджэсым кьыщыдэкI «Черкес хэку» газетым и корреспондентым кьытхуигъэхьа тхыгъэр тыдоджэ.

АЭЭМЭТБИЙ 1994 гъэм Къэрэшей-Шэрджэсым хьыхьэ Псыжь кьуэжьэм кьыщалъхуащ. И адэ-анэр - Арсенрэ Тамарэрэ - унагъуэ кьызэрыгуэкIщ. Адрей сабийхэм я ХэдзэУ, я бын Аэзмэтбий курыт еджапIэм щеджащ, екъуIэныгъэфIэр иIэуи ар кьиухащ. Мы зэманым щIалэр Черкесск кьалэм дэт колледжхэм ящыщ зым щIэсщ, хьэмбырыкъ Iуэхум хуэдиж.

Анэ-адэм ягу кьыдэгъэкIыжымкIэ, Аэзмэтбий щысабийм щыгъуи, нэхъ балигъ щыхьуаеми кьуеийцIе ягъ хэпъуэ, Iэпкъпсэпкъ мызагъуэ щытакъым. Ешьм хуэдэ щIалэ щыкIуэхэм эзранырэ гъэр зэхащIыхьыну щыхуIэзэхэм, ар щэхуу, зэтеубыдауэ, хуэдэ жимыIэу и Iуэху зезыгъакIуэу кьэтэджащ.

Ягъ ешьдэ спортзал бжэщхьэм зэрегъбжъ ужам теухуауэ Пшынэл эзэщхьэ- гъуэсхэм ягу кьагъэкIыж:

- «Аэзмэтбий кьызэралъхуэрэ спортзалым щIэтщ жыпIэмэ, ущыэнкьым, - щIедзэ псальэмакъым Арсен. - Сэ спортым хуажьжу сыпыщIауэ сыкъекIуэкIащ. ИкIи, ягъ щыкIэ сэ сщIигъуурэ, итIанэ пэщIэдзэ классым щыщIэтIысхьэм, ежаплIэм кьыщызэрагъэпэща секцIэхэм кIуэурэ, абы хэпщIа хьуащ. Зэм дзюдом дихьэхи, абыкIэ зигъаСэу щытащ Урыс-ей Федерацэм щIыхь зиIэ и гъэсакIуэ Пчелкин Вячеслав и нэIэм щIэту. ИужькIэ бэнэкIэ хуитым и псэр эущIидтэри, нобэр кьыздэсхэм ильэсипщI хьуащи, мы спорт лIэужьыгъуэ дахащхэм хуиIэ фIыцIатыныгъэм епщIыжакъым.

- СыззэрегупсысымкIэ, дэтхэнэ цIыху губзыгъэми адэ-анэм пищIын иIэкъым, - кьыпещэ адэкIэ Тамарэ. - Арами, дэрэ бэнэныкIэ и яп гъэсакIуэ Шэрджэс Хьызырэ нэхъыфIу итьагъур Аэзмэтбий кьыхуухэмых хуэдизу языныкъуэми кьыщыгъщыхьу щыIэщ. Абы Хьызыр и тхьэпэльытэу жыпIэмэ, ущыэнукъым. Сигум кьыбгъэдэкIыу жысIэнщи, ди щIалэр а тренер гъуэзэджэм и нэIэм щыщIэува махуэм дэ насыпыщхэу кьыдэхъуIауэ кьызолытэ. Зи IэщIагъэм дэгъуэу хэзыщIыкI, узыфIэмыкIыжьын гъэсакIуэщ, и гъэсэн дэтхэнэми бгъэдыхьэкIэ тэмэм кьахуэзыгъуэтыф психолог лъэщщ, хуабжьу щыIуэщ ар. Нобэ ди кьуэм хуээфIэкIар, здынэса лъагапIэр кьуэдкIэ зи фIыщIэр. ЗэрыщIэ Аэзмэтбий. Абыкьи гъэсакIуэм фIыщIэгъапIэу я зэгъыщIым гъунэ иIэкъым. Аэзмэтбий Олимпиадэм текIуэныгъэр кьызэрыщихьам и хьыбар гуфIэгъуэри ягъ дыдэ кьыпIэзыгъэIэсар аращ.

Мыбдежьм гу лъытапхъщ Аэзмэтбий и адэ Арсени Хьызыр игъаСэу, IэкIу эльаекIуагъ ьхэзыгъэльагъуэ бэнэкIуэу зэрыщытам. КьищыгъэмыщIауэ, кьыхэдгъэщынщи, бэнэкIэ ныбжьыщIэм и адэшхуэ (и анэм и адэ) Кхъуэблахьэу Аслъэнбэчи (Тхъэм и ахьрэтыр нэху ищI!) спортым пыщIауэ, бэнэкIэ хуитым дихьэхьу, зигъаСэу, спортсмен лъэрыхьу и цIэ жьыжь игъэIуауэ щыт ащ. Иджы гурыIуэгъуэу кьыщIэкIынщ Аэзмэтбий мы спорт лIэужьыгъуэм хуищIа фIыльагъуныгъэр кьыщиежьар. Тхъэм ещIэ «ЛIэ у жьыр бжьыблкIэ мауэ» щIыжаIар мыпхуэдэ Iуэхугъуэу кьыщIэкIынщ.

Аэзмэтбий и спорт гъуэгуанэм ягъ дыдэ щIыхь тхьапхрэ медалрэ кьыщыпэкIуауэ щытар и адэшхуэм и цIэкIэ кьыдэгъэпэща фэеплъ эпэуэращ. Мы текIуэныгъэр щIэдзапIэ хуэхьуащ ерыщагъ-рэ зэкIэкIрэ зыхъэль бэнэкIуэ ныбжьыщIэм утыку куэдым кьыщIехьулIэну и щIыхь лъагэхэм.

БэнэкIэ хуитым зыщыхуигъэсэ ильэсипщIыр кьапщтэмэ, Аэзмэтбий иаIэ текIуэныгъэ Iэщ Iэлъу зэпеуэм кьыщыхэкIыжам, щыхагъэщIауэ кьыщигъэзэжам. Ауэ, сыт щыгъуэми щIалэ щыкIуэм и гуфIэгъуэри гукъеуэри кьыдаIыгъщ и анэ-адэм, и гъэсакIуэ Iэкъуэпкъуэм.

Зэрызигъэса зэманым кьриубыдэу ныбжьыщIэм дунейпсо, кьэралпсо спорт утыкухэм кьыщихьа щIыхь куэдым я гугъу дымыщIыхьэми, мы ильэс закьыр хуэзэфIэкIар умыгъэщIэгъуэн пльэкIкIыж. Ар Урысейми, Европэми я чемпион хьуащ! Мис, иджы Ныбжьыщ Iэхэм я Олимпиадэм езым нэхьрэ нэхъ льэщ зэрыщымыIэр псоми къаригъэщIэн, Iэкъуэльакъуагъ ин зыбгъэдэль, техникэ дахэ зиIэ спортсмену зэрыщытыр кьигъэльэгъуэ ху зэфIэжьаIащ! АтIэ, ильэс 16 фIэкI ныбжь зимыIэ бэнакIуэм и дежкIэ а псор екъуIэныгъэ нэсхъэ?!

Олимпиадэр кьэзыхьа бэнакIуэ ныбжьыщIэм и яп гъэсакIуэ Шэрджэс Хьызыр, дауи, и гуфIэгъуэр гъунэнщэщ.

- Аэзмэтбий етIуанэ классым щежэт, си дежи зигъэсэну кьыщыкIуам, - жеIэ абы. - Хуабжьу згъэщIэгъуауэ сощIэж ар зи сабиягъыр Псыжь кьуажьм нэс кьикIыурэ махуэ кьэс Черкесск кьалэм кьызэрыкIуэу щытар, ерыщу зыгъэсэным зэрызритар. Яп махуэхэм кьыщыщIэдзауэ кьигъэльэгъуа и Iуэху бгъэдыхьэкIэмкIэ сэ гурыIуэгъуэ сщыхуат абы еш зэримыщIэнур, и пщэ ипльхьар пыльхьэнщэу зэрригъэщIэнур, хьэл-щэн дахэ зэриIэр. ЗанщIэу жысIэнщи, Аэзмэтбий нэгъэщIэхэм кьащхьэщыкI кьаруушхуэ зыхэлъу, зэфIэкI лъагэрэ лъэкIыныгъэшхуэрэ зиIэу зэи щытакъым. Ауэ адрей си гъэсэнхэм кьэзыщхьэщыкI абы хэлъщ - щыбанэкIэ зыгууркIэ щыщыгъэ Iэщэкламэ, напIэзыпIэм ар зэрыгъэзэхуэж, Iэмал нэхъыфI дыдэр кьэзыгъэтыф бэнакIуэ псынщIэщ! Псынщагъ пхэлъу угупсысэнм мыхьанэшхуэ иIэщ ущыбанэм деж. КьищынэмыщIауэ, Аэзмэтбий зэ желIэр етIуанэу кьытебгъэзэжьам хуейбы-зым: хэпIхьэр занщIэу зыщIэзэшщ, ещэзымыщIэщ, бэнэкIэ льабжьэ быдэ зиIэщ, бэшэчщ. А псом ищIыжькIэ, зэрыныбжьыщIэм емылытауэ, акъыл тIысарэ дуней еплныкIэ тэмэмрэ зиIэщ.

Спортсменым сыт хуэдэ зэфIэкI бгъэдэлъи, зэпеуэжьм кьиклуэфмэ, спорт утыку имыхьэфмэ, и зэчийр зыщIэсам къыщIыняжьнущ. Абы кьыхэкIыу Пшынэл Аэзмэтбий Ставрополь кьалэм щыIэ «АРР» клубым адэкIэ зыщигъэсэну кIуащ. И екъулIэныгъэ инхэр кьыщыкIуэнумк куэдрэ дыпнIэпльапкъым - Урысей Федерацэми, Европэми, Олимп Джэгухэми ныбжьыщIэхэм щрагъэкIуэжа зэхьэзэхуэхэм кьыщыпэхъун кьыщIекIакъым!

«АРР» клубым и цIэр льагэу зыIэта спортсменым и гугъуехьыр псыхэдИуадэ хьуакъым. Дунейпсо утыкум зи цIэ щезыгъэIэта Аэзмэтбийрэ абы и яп гъэсакIуэ Шэрджэс Хьызырэ клубым и президент Арэщыкъуэ Рауф машинэ псынщIэ тыгъэ кьахуищIу кьригъэблагъэжащ.

Идрис Пшынэл Аэзмэтбий льэгапIэщIэр и пльапIэщ - ар щIохьэпэс балигъхэм я Олимп Джэгухэм щытекIуэну. Дохьэжьу и гуращIэр кьехьулIэну, адэкIи лъэпкъыр зэрыгушхуэн лIыуэ щытыну!

ЩО ХЪУЖЬ
Люсанэ.

● Адыгэ лъагъуэжьхэмкIэ

Лабэрэ Щхьэгуащэрэ

къэбэрдей адыгэ псэлъэкIэм кьызэрыщIэхэщыкI щыIэкъым. Еджэрыкьуей ныбжьым щIэсщ, зэмэ зэхьэдэжьи, зэмэ зэхьэдэжьти уэру екъэт. Дыгъэм пэлыд псыр кьопсэлъэным хуэдэу кьыпщIипщIыкIт.

Ищхьэрэ-Къуэхэпэ Кавказым щынэхъ псы ин дыдэхэм ящыщщ Лабэ. Кавказ шытхышхуэм кьыщIожьэ Лабэшхуэрэ Лабэ ЦIыкIурэ. Километр 341-рэ икIуа нэужь, Псыжь (Кубань) хохуэж. «Лабэ» цIэр кьызытехьэкIам теухуауэ епIыкIэ зыбжанэ щыIэщ. Псалъэм папщIэ, псыщхьэмкIэ щыIэ кьуршхэм абаз лъэпкъ кьудамэхэр щыпсэууэ щытащ. ИкIи Лабэ ЦIыкIу кьыщежьэ бгыхэм ящыщ зым «Лоуб» цIэр зэрехьэ.

Си гъуситIыр дыздыIухьа псым апхуэдизкIэ дихьэхати, гу ялъомытэнкIэ Iэмал иэтэкъым. Псы вкъупсэр зэкIэм мэз гуэрэным щIэлъадэрти, нэгъэщIэ щIыпIэхэм кьыщыщIидзыжьыр. Гъэнэгъэ-щIым ещхьу щIыпIэхэм кьыщыщIидзыжьыр. ГъэнэгъэщIым ещхьу щыгъуантIэт.

Псышхэ ежьхьм увыIэпIэ куэхэри иIэт. Апхуэдэ зым и деж щыри дыщыззэрихьэлIэри, псым фIыуэ дыхэсащ. Зэми ныджэм дыкьытехьэрэ пшахьуэ пщтырым щыздгъэхуэзбэжу, зэми псы щIыэтыIэм зыхъэдзэжу.

ПщыхьэщхьэхуэгъэзэкI щыхьэм Еджэрыкьуей дыкьыхьэжащ. Иджы мы кьуажьм зэрихьэ цIэм теухуауэ. XIX-нэ лIэщIыгъуэм икуэм Кавказым ис адыгэхэр лъэпкъ кьудамэхэ 12 хьурт. Мис ахэр: натхъэудж, къэбжьдыгъу, хьэтыкьуей, кIэмыргуей, мамхэрэ, мэхьэущ, шапсыгъ, абазэхэ, убых, беслъэней, къэбэрдей, еджэрыкьуей. ИкIи нобэ еджэрыкьуейуэ хэжжьым кьинар зэрымащIэм кьыхэкIкIэ, ахэр кIэмыргуейхэм кьыхасъэщхьэхукIыжьрыкъым а лъэпкъыцIэр Еджэрыкьуей кьуажьм кьыхуэнами.

Арати, дызихьэщIэ бысымым дакъыкьыхьэжащ. КьыдзэрыщIэкIымкIэ, Мейкьуапэ дэс щыкьу щIалэ Азэмэт ипхъу цIыкIум а пщыхьэщхьэм и лъэтеувэ тхьэпэлъут. Ди кьежьэгъуэри а Iуэхум зэрыирихьэлIар фIыт, дахьихьэми Гуапагъэти, ди гуп цIыкIум унафэ тщIащ а пщыхьэщхьэм кьалэм дыкIуэну.

Зы сихьэт нэблагъэ тедгъэкIуэдами арагъэнт Заур и машинэмкIэ Мейкьуапэ дыщыдэкIэдам. ТхъэлъэIур щекIуэкIкIи хуей уней льапсэм дыIухьащ. Азэмэт гуфIэжу кьытпежьэри пщIантIэм дыдишащ. И щыкъу благъэхэм даригъэIуихьащ. Абыхэм ящыщ зым Хьэджэхъу Краснодар пэгъунэгъу бжьыдыгъу жылэхэм кьикIат.

Дунейр хуабэт, уэфIт, пщIантIэ уэитышхуэм дэт жызымейм и льабжьэм Iэнэ кIыхь щIэтт. Абдеж жьышIэхут. Унэ кIуэщIхэми Iэнэхэр щIагъэуват. TIэкIу нэхьыжьыIуэхэр унэмкIэ щIашэри, мыдрейхэм щIыбыр кьытIыхьэсащ.

Адыгэ Iэнэр зэрызекIуэ хабзэм тепу екIуэкIыурэ щысхэр дызэрагъэщIыхуащ. Къэбэрдей псэлъэкIэ яIэу бзыльхъгьитI кьыдбгъэдэст. Ахэр Азэмэт и благъэщIэхэм я нысэт. Зыр и дыщкIэ Хуэдз, адрейр Лашэпсиянэ щыщхэт.

ГъэщIэгъуэн ди Iэнэм адагъэбза псэлъэкIэу тIу зэрыщызекIуэр. КIахэ, къэбэрдей псэлъэкIэр зыхурдгъэкъут урысыбзэ кьыхэдмыгъахэуэ.

Гукъынэжу дызэхэсащ а пщыхьэщхьэм. Пъэтеуэ зыхуащI пщащэ цIыкIум хуэгъэзэ хьуэхъу дахэхэр зэхьдагъэхащ. ТхьэлъэIур щекIуэкI пщIантIэм и утыкум кьафэ, уэр щагрэзкIуэкIащ. Дэри бысымхэм пщIэ лей кьэтхуащI, хьэщIагъэ кьыдахащ.

КьыкIэлъыкIуэ махуэм ди гъуэгум пытщащ. Адыгэм и кьалащхьэм и пщэкIэ дыдэкIуеину дежьащ.

И лъабжьэмкIэ щыIэ урыс станицэхэм дыкъыщымыуфыIуэ даблэкIащ. Километр 40 хуэдиз дыдэкIуейри, Каменномост кьуажьэшхуэм дрихьэлIащ. Абыи дэсым и нэхъыбапIэр урысщ. АрщхьэкIэ абдежым щыщIедзэ нэгъэужьу кьэзыкIухьын зыфIэфIхэм (туристхэм, бгырыкIуэхэм) я нэхъ яфIэгъэщIагъэуэн щIыпIэхэм. Мейкьуапэ кьикIыу мыбы гъущI гъуэгу кьокIуалIэ, я зэхуаким электричкэ щызоекIуэ.

Яп зекIуэгъэуэм мы щIыпIэм дыщемыспсыхьфами, иджы дыкъыщыуфыIэну мурад тщIащ. «Каменномост» псалъэр игъэпэжу мы щыпIэм и гъунэгъуу щыIэщ псы узрым кIуэщIмыкIауэ дахащхэм хуиIэ фIыцIатыныгъэм епщIыжакъым.

- СызэрегупсысымкIэ, дэтхэнэ цIыху губзыгъэми адэ-анэм пищIын иIэкъым, - кьыпещэ адэкIэ Тамарэ. - Арами, дэрэ бэнэныкIэ и яп гъэсакIуэ Шэрджэс Хьызырэ нэхъыфIу итьагъур Аэзмэтбий кьыхуухэмых хуэдизу языныкъуэми кьыщыгъщыхьу щыIэщ. Абы Хьызыр и тхьэпэльытэу жыпIэмэ, ущыэнукъым.

ИкъучIэ зи чэзущ!

Иджыблагъэ ди газетым кьыдэрыхьащ куэдрэ хуэдиуэ зэрыкъуэ Пшынэл Хьэжинэ и тхыгъэ. Хьэсанщ яхэтащ Налшык и Сабий «Спартак» стадионкIэ зыхуэда гупым. «Уигуащэрэ уигъащIэрэ зыхэтэ дэ тхэнэ зы Iуэхуи уи гур иогъу», - жеIэ пенсэ гъыскIыдауэ щыс дэжьакIуэ-жьым.

АР ЕГъэПIейтЕй Налшык и Сабий стадионыр нужьрей ильэсхэм фадж зэрыхъуам. ИлэжьыкIа джэгупIэ губгъуэм, тетIыхьэпIэ зэхэкъутахэм, кьэтъэтьэжа псэуалъэхэм, дауи, зигугъу щыIэкъым ар зыухуахэм я закъуэжьым. Зэгуэр щIэращIу икIи цIыху кIуапIэу щыта стадионым нобэ игъуэта щытыкIам налшыкдэсхэри щыгуфIыкIынкIэ Iэмал иIэкъым. Пщыуэкым зи гугъу ищI гуныкIуэгъуэм псори дызыщыгуфIыкIыпхъэ хъыбар кьыпэкIуащ. Сабий стадионым мыгувэу щрагъэжьэкIынущ лэжьыгъэшхуэ. Ар зэгъэпэщыжьыным кьэрал бюджетым щыхьэкIыу сом мелуан 30 хухахащ.

Кьэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэмрэ Спортымрэ туризмэмкIэ министерствэмрэ я нэIэ тету екIуэжьну лэжьыгъэхэм ехьэлIа проектхэр яубзыху. Дыщыгуфынщ кьалэдэс сабийхэр спортым дегъэхьэхынымкIэ, абыхэм гъэсэныгъэ тэмэм яхэлъхьэныжьмкIэ мыхьэнэ ииIэу кьекIуэкIа стадионыр зэман кIэщIым кьриубыдэу кьагъэщIэрэщIэжьну.

ЛЪОСТЭН Музэ.

● Футбол

Джатэрывэ Къазбэч Къэзахъстаным и командэ къыхэхам ирагъэблагъэ

«Спартак-Налшыкым» и футболист нэхъыфIхэм ящыщ Джатэрывэ Къазбэч Европэм и чемпионатым хэтыну-хэр кьыщыхах зэIущIэхэм щыдджэгун папщIэ Къэзахъстаным и командэ къыхэхам ирагъэблагъащ.

КЪЭЗАХЪХЭМ яхэту адыгэ щIалэм дыгъэпшыхь Iэмал иIащ Тыркум и командэ къыхэхам дэджэгуну. Джатэрывэр иджыпсту Аладаты щыIэщ икIи 2012 гъэм Украинэмрэ Польшэмрэ щекIуэкIыну Европэм и чемпионатым и кIэух зэхьэзэхуэм кIуэн папщIэ мыхьэнэншхуэ зиIэ къыгъэхах пэщIэдзэ зэIущIэм зыхуегъэхьэзыр.

- Сэ къэралым и командэ къыхэхам сыхэту сыджэгуну сыхуейщ, - жиIащ Къазбэч Къэзахъстаным хэтыну мурад щIищIам и щхьэсыгъуэмкIэ щеупщIым. - Урысейм апхуэдэ Iэмал щызиIэнущ, къэзахъстан абыкIэ къызолъэIу. Абы кьыхэкIыу, сэ кьыхэсхащ си Iэзагъым хуэныкъуэ къэралыгъуэм сызэрригъэблэгъар. «Спартак-Налшыкым» и унафэщIхэми лъэбакъуэ тэмэм счауэ кьалытащ.

- Футбол гражданствэр зэрыщхьужам и зэранкIэ узыхэт налшыкдэсхэм я дежкIэ хамэ (легионер) хухэмкIэ ущыщхъэ?

- Хьэуэ, сышынэ-кьым.

- Тыркум щыIущIэну щIалэр къэсащ, узыхуену дэфIэр щсори абы ирихьэлIу пхузэгъэнэщну укьынгъэгугъэр?

- Ар зэльытар сэракъым. Сэ кьыттпэщыть зэIущIэм фIыуэ зыхуэзэгъэхьэзырым хуейуэ аращ.

Зи хъэрал гуэрым и гуп кьыхэхам зи хэмыта футболистхэм иджыпсту щыIэ хабзэхэм Iэмал ират дэтхэнэм ейми кьыхьну. Псом хуэмыдэу зэпэубыдащ Бразилием щыщкэр. Псалъэм кьыдэлъытэ, Къазахъстаным и командэ къыхэхам нэхъапэIуэкIэ щыдджэгуащ «Спартак-Налшыкым» хэта ди лъахэгъуэхэу ЛIыхъужьгу Маратрэ Узденов Романрэ. Дохьэужьу Джатэрывэ Къазбэч льагапIэщIэ Iэхэр кьехъулIэну икIи и цIэр фIыкIэ дунейпсо утыкум щыIуну!

ЖЪЛАСЭ Заурбэч.

Шхьэгуащэ зэвыпIэм щыдыхьэм

«Руфыбгэ и гур»

Унагъуэхэм ядоIэпыкъу

ФокIадэ мазэм илъэс 20 ирокъу Урысейм и цIыхубзхэм я зэгухьэныгъэр кьызэрызэрагъэпэщ. Абы ипкъ иткIэ ящыщ, адаухэм, сабийхэм я защIэгъэкъуэныгъэ хуэунэтIа социальнэ Iуэхугъэр гъэзэщIэным хуищIа хэлъхьэныгъэхэм папщIэ Прохладнэ хуаIэм и Цыхубзхэм я советым и унафэщI Захарченкэ Раисэ КъБР-м и Правительствэм и щIыхь хъыльэр хуагъэфэщащ.

ЦIыхубзхэм я советым и нэIэм щIэту кьалэ администрацэр бынунагъуэшхуэрэ, хуэмыщIахэм ядоIэпыкъу, апхуэдэуи хабзэ дахэ зэрылъ унагъуэхэр ягъэпажэ.

Иужьрей илъэсхэм ЦIыхубзхэм я советым и дэIэпыкъуныгъэкIэ унагъуэ хуэмыщIауэ 2-м ещежитхэм пэш къащIылъысащ, бын куэд зиIэ ани 2-м КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен «Анагъэм и щIыхь» медалхэр яритащ. Прохладнэ кьалэм щыпсэу зы бынунагъуэшхуэм республикэ унафэщIым кьыбгъэдэкIыу 2010 гъэм «Газель» автомашинэ кьыIэрыхьащ, адрейм сом мин 50 кьратащ. Зи Iуэху нэхъ хуэмыщIауэ ЦIыхубз зэгухьэныгъэм кьилъыта унафэщIым социальнэ дэIэпыкъуныгъэ ягъуэтащ.

ЦIыхубзхэм я советым и жэрдэмкIэ, илъэс етхуанэ хуауэ кьалэм щагъэлъапIэ Унагъуэм, Анэм я махуэхэр. Я медалхэр яритащ. Прохладнэ кьалэм щыпсэу зы бынунагъуэшхуэм республикэ унафэщIым кьыбгъэдэкIыу 2010 гъэм «Газель» автомашинэ кьыIэрыхьащ, адрейм сом мин 50 кьратащ. Зи Iуэху нэхъ хуэмыщIауэ ЦIыхубз зэгухьэныгъэм кьилъыта унафэщIым социальнэ дэIэпыкъуныгъэ ягъуэтащ.

ЦIыхубзхэм я советым и жэрдэмкIэ, илъэс етхуанэ хуауэ кьалэм щагъэлъапIэ Унагъуэм, Анэм я махуэхэр. А зэманым кьриубыдэу унагъуэ 300-рэ анэ 400-рэ саугъэт лъапIэхэмкIэ яритащ. Апхуэдизкъэ, хабзэ дахэ хъуауэ, Анэм и махуэм кьалэ сымаджэщым и лъхуапIэ унэм щIэлъ бзылъхугъэхэм екъуэхъуурэ саугъэтхэр ящат. ЦIыхубзхэм я зэгухьэныгъэм гульытэнэнущ кьыгъэнакъым мы гъэм унагъуэхэм я республикэ зэпеуэм хэта Еремеевки - тыгъэ лъапIэкIэ яхуэупсащ.

ЦIыхубзхэм я зэгухьэныгъэм кьрихьэжьэ Iэхуэхуэ. Iэхэр сытым дежи дыIыгъщ икIи мылъкукIэ зыщIагъакъуэ. «Банк Прохладный» ООО-мрэ «Фармцентр» МУАП-мрэ.

ПАНФИЛЕНКЭ
Людмилэ.

● Гулытэ

Пащтыхьыпхъум къыбгъэдокI

1980 гъэм Мэзкъу щекIуэкIа Олимпиадэр зэрыщыIэр ильэс 30 щрикъум ирихьэлIэу Олимп чемпионхэмрэ абыхэм я тренерхэмрэ папщIэ къызэрагъэпэща гуфIэгъуэ зэIущIэм ирагъэблагъащ щы спортымкIэ мастер, СССР-мн Урысей Федерацэми щIыхь зиIэ я тренер, СССР-м щэнейрэ, РСФСР-м зыбжанэрэ я чемпион Къыжьым Мухьэрбий.

Къныжь Мухьэрбий

ЗэХЫХЬэМ ипкъ иткIэ зэхэтащ щыхэм льэпощхьэпо кьызэраныкIыным теухуа Урысей Федерацэм и Президентым и Кубокъар кьхъыным теухуа зэхьэзэхуэр. «ЛIэщIыгъуэщIэ» щы-спорт комплексым щыIа зэпеуэм кьэрал 20-м щIигъуэ кьикIаэхэр кьрихьэлIат. Зэхьэзэхуэр ильэс еяпэ хъуауэ йокIуэкI икIи нэхъ мыхьэнэщхуэ дыдэ зиIэхэм щыщI зыщ. Аращ абы кьыщIагъэблагъар Шы спортымкIэ дунейпсо федераци и президент, Дунейпсо Олимп Комитетым хэт Хьэйе бин аль-Хьусейн. Ар Иорданым и пащтыхьу щыта Хьусейн бен Талаврэ пащтыхь Гурэм, адыгэщIалыкъ Борэм Алимарэ щыщыгъ.

Пащтыхьпхъумрэ УФ-м Шы спортымкIэ и федерацэм и унафэщI Титов Дмитрийрэ Урысей Федерацэм и Президентым кьыбгъэдэкI медальмрэ абы и Iэр зыщIэлъ Щытхъу тхыльымрэ Къуныжь Мухьэрбий кьратащ. Апхуэдэу гъэлъапIэ хъуащ ди лъахэгъу щэрыIуэм и гъэсэнхэу Бондаренкэ Владимирэ Рогожин Сергейрэ Олимп Джэгухэм я чемпион зэрыхьэр, езым и щхьэкIэ спорт лъагапIэ куэд кьызэриштар, иджыпсту «Республикэ щыгъэжапIэ» ОАО-м и унафэщIу зэфIигъэкI лэжьыгъэ щхьэпэр.

ХЪЭТАУ Исльам.

ФокIадэм екIуэкIыну зэIущIэхэр

Европэм и чемпионат 2012
Кьыщыхах зэIущIэхэр
ФокIадэм и 7, гъубж
Урысей Федерацэ - Словакие

ПРЕМЬЕР-ЛИГЭ

ЕтIощIанэ джэгугъуэ
ФокIадэм и 11, щэбэт
«Зенит» (Санкт-Петербург) - «Томь» (Томск)
«Рубин» (Къазан) - «Амкар» (Пермь)
«Спартак» (Мэскуу) - «Сатурн» (Мэскуу область)
«Сибирь» (Новосибирск) - «Алания» (Владикавказ)
ФокIадэм и 12, тхьэмахуэ
«Ростов» (Дон Iус Ростов) - «Анжи» (Мэхъачкъалэ)
«Динамо» (Мэскуу) - «Тэрч» (Грозный)
«Локомотив» (Мэскуу) - ЦСКА (Мэскуу)
«Крылья Советов» (Самарэ) - «Спартак-Налшык»
Яп зэIущIэ

Чемпионхэм я лигэ - 2010/11
Яп зэIущIэ
ФокIадэм и 14, гъубж
«Копенгаген» (Дания) - «Рубин» (УФ)
ФокIадэм и 15, бзэрэжьей
«Марсель» (Франджы) - «Спартак» (УФ)
Европэм и лигэ-2010/11
Яп зэIущIэ
ФокIадэм и 16, махуэку
«Лозанна» (Швейцарие) - ЦСКА (УФ)
«Андерлехт» (Белгие) - «Зенит» (УФ)

ПРЕМЬЕР-ЛИГЭ
ТIощIэ езанэ джэгугъуэ
ФокIадэм и 18, щэбэт
«Амкар» - «Крылья Советов»
«Алания» - «Ростов»
«Сатурн» - «Динамо»
ФокIадэм и 19, тхьэмахуэ
«Анжи» - «Рубин»
«Томь» - «Локомотив»
ФокIадэм и 20, блыщхьэ
«Спартак-Налшык» - «Спартак»
ЦСКА - «Сибирь»
«Тэрч» - «Зенит»

Урысейм и Кубок-2010/11
Финалым и 1/8-нэ Iыхьэ
ФокIадэм и 22, бзэрэжьей

ТIощIэ етIуанэ джэгугъуэ
ФокIадэм и 24, мэрем
«Спартак» - «Амкар»
ФокIадэм и 25, щэбэт
«Рубин» - «Алания»
«Зенит» - «Сатурн»
ФокIадэм и 26, тхьэмахуэ
«Динамо» - «Спартак-Налшык»
«Томь» - ЦСКА
«Ростов» - «Сибирь»
«Локомотив» - «Тэрч»
ФокIадэм и 27, блыщхьэ
«Крылья Советов» - «Анжи»

Чемпионхэм я лигэ-2010/11
ЕтIуанэ зэIущIэ
ФокIадэм и 29, гъубж
«Спартак» (УФ) - «Килина» (Словакие)
ФокIадэм и 29, бзэрэжьей
«Рубин» (УФ) - «Барселона» (Испание)
Европэм и лигэ-2010/11
ЕтIуанэ зэIущIэ
ФокIадэм и 30, махуэку
ЦСКА (УФ) - «Спар та» (Чехие)
«Зенит» (УФ) - АЕК (Алыдж)

Зыгъэпсэхугъуэ махуэм

Малъхъэдис

● Фэ фщIэрэ?

ФIарий тхьэмпэм щхъухьыр къыхеш

Бжьыныхум, бжьыным, къуэным я мэм хъумпIэцIэджхэр Iуагъэщтыкl.

* * *

ЩэкIым къыхэщIыкIа къэпыр шыгъушыпс къэкъуалъэм дакъикъэ тIощIкIэ хэбгъэлърэ бгъэгъущыжмэ, абы иплъхьэ хьэжыгъэм е нэгъуэщI шхынхэкIым цIыв цIыкIу хищIэркъым.

* * *

Къуажэ щIапIэм е дачэм ит унэм бадзэу кIуэнур нэхъ мащIэщ псыунэм, фIеипс икIутыпIэхэм я гъунэгъуу санэ хэпсэмэ.

* * *

ДзыгъуэгъалIэр щывгъэтIылъкIэ Iэ пцIанэкIэ щхъухьым фызэремыIусэным иужь фит, сыту жыпIэмэ дзыгъуэхэр цIыхумэм Iуегъэщт.

* * *

Аргъуейр къедзэкъамэ, зэщIэбагэу абы гугъу иригъэхь цIыхухэр щыIэщ. Абыхэм сэбэп яхуэхъунущ дзэкъапIэм и деж кIэртIоф цIынэ тхъунщIа тралъхьэмэ.

* * *

ФIарий иным и тхьэмпэ фIыуэ Iуэтар бжьэр, хьэдзыгъуанэр, уеблэмэ блэр здеуам и деж теплъхьэмэ, щхъухьыр къыхеш икIи къигъэбэгъыркъым, апхуэдэуи узыр егъэмащIэ.

Джек Лондон

ГъащIэм и унафэ

Рассказ

ЖЫЫ ХЪУА индейцыр уэсым хэсщ. Ар Коскушщ, лъэпкъым и нэхъыжьу щытащ. Иджыпсту ар адрейхэм едаIуэу щысыф къудейщ. И нитIым ялъагъуж щIагъуи щыIэжкъым, ауэ и тхьэкIумитIыр дэ тхэнэ макъми хузэIухащ.

«Ахьа!» Ар зи макъыр ипхъурщ, Сит-кам-ту-хьа. Хьэхэм йо уэ, Iэжьэм щIищIэну. Лъэпкъым зегъэхьэзыр ежьэну, нэхъ ущыщэкIуэфын щIыпIэ къагъуэтын хуейщ. Уэсылъэ защIэу гъуэгу кIыхь къапэщылъщ. Ищхъэрэмкlэ махуэхэр нэхъ кIэщI щохъу. Лъэпкъыр къанэ хъунукъым лIэныгъэм пэплъэу. Ау э Коскуш кIуэфынукъым.

Хьэхэм я макъымкIэ абы къыгурыIуащ лъэпкъым и нэхъыжьым и Iэжьэр зэрагъэхьэзырыр. Я нэхъыщхьэр щакIуэ емынэщ, ар Коскуш и къуэрщ. Коскушыжьыр и закъуэу лIэныгъэм къыхуагъанэу аращ. ЦIыхубзхэр щылажьэ лъэныкъуэмкIэ и къуэм и макъ лъагэр къиIукIыу зэхихащ - ахэр нэхъ псынщIэу егъэIэбэ, егъэпIащIэ. Коскуш иужь дыдэу зэхихыжу аращ и къуэм и макъыр. Сабий гуэр къыхогъыкI. А цIыкIум и цIэр Кутийщ. «Ар сымаджэрилэщ, - егупсысащ Коскуш. - И гъащIэр кIэщI къыщIэкIынщ. Кумб кърагъэсыкIынщ щIы щтам, иралъхьэнщи, дыгъужьхэм щахъумэн папщIэ мыви традзэжынщ».

Аракъэ ар сытми? Илъэс зытIущ псэужми, икIэм-икIэжым лIэнущ. Зышхын зимыIэ дэтхэнэми къыпоплъэ ажалыр. ЛIэныгъэр псом нэхъри нэхъ ныбаблэщ, зэIурилъэфэнущ.

Коскуш йодаIуэ зэи зэхимыхыжыну макъхэм: цIыхухъухэм Iэжьэхэр быдэу зэрызэщIапхэм, хьэпшыпхэр ирагъэлъэфын папщIэ хьэхэм щIопщкIэ зэреуэм.

Ежьэжащ псори. Зы Iэжьэр адрейм и ужь иту, мыпсынщIащэу хохьэж даущым. Ахэр лIыжьым и гъащIэм хэкIащ. И иужьрей сыхьэтым и закъуэн хуей хъунущ. Ауэ, сыт а макъыр? Зы хьэлъэ гуэрым уэсым макъ щрегъэщI. Къыщхьэщыувауэ зыгуэрым лIыжьым гуапэу и щхьэм Iэ къыделъэ. И къуэр фIыт абыкIэ. Коскуш ищIэжырт адрей лIыжьхэр. Ахэр езым и пIэ щитахэм, я къуэхэр къабгъэдэмыхьэжу ежьэжхэрт.

ЛIыжьым и акъылыр блэкIам хэту, и къуэм и макъым къригъэгъэзэжащ. «Псори тэмэм?» - къеупщIащ и щIалэр. «Тэмэмщ», - жеIэ лIыжьым. «Пхъэ къыббгъэдэлъщ, мафIэр ину маблэ, - жеIэ и къуэм. - Пщэдджыжьыр гъуабжафэщ икIи щIыIэщ. Уэс къос. ЦIыхухэр мэпIащIэ, я ныбэхэр нэщIщ, хьэпшыпхэр хьэлъэщ. Гъуэгуанэ кIыхь къытпэщылъщ, псынщIэу демыжьэу хъунукъым. СокIуэ сэри. Псори тэмэм?» «Тэмэмщ, - ет жэуап Коскуш. - Жыгым къыпынэжа тхьэмпэ закъуэм срещхьщ. Япэу къепщэ жьым сридзыхыным хуэдэщ. Си псэлъэкIэри фызыжь макъым ещхь хъуащ. Си нитIым си лъакъуэхэр здэкIуэр сагъэлъагъужыркъым. Сешащ. Псори тэмэмщ».

Коскуш и щхьэр и лъэгуажьэм трилъхьауэ, и къуэ IукIыжым уэсым иригъэщI макъым йодаIуэ. Пхъэ къыбгъэдэлъым йоIусэ. Ахэр зырызыххэурэ мафIэм ешх. Дакъикъэ къэс лIэныгъэр нэхъ гъунэгъу къохъу. Иужьрей пхъэ дакъэр мафIэм тридза нэужь, щIыIэр зыхещIэ. Япэ щIыкIэ и лъакъуитIыр щIыIэм ес, итIанэ и IитIыр. И Iэпкълъэпкъ псор щIыIэм зэщIигъэщтхьащ, иджы зигъэпсэхуми хъунущ. Тыншщ ар... Дэтхэнэ зы цIыхури малIэ.

ЛIэныгъэр Коскуш и гукъеуэщ, ауэ ар абы егупсыскъым. Аращ гъащIэм и унафэр. ГъащIэр елIалIэркъым зы IэпкълъэпкъIми. Абы г ульытэ зыхуищIыр гупхэрщ, лъэпкъхэрщ, теплъэхэращ.

Коскуш зыщIэзыубыдэ гупсысэхэм хыхьащ. Йогупсыс ар гъатхэпэм жыгым къыпкърыхьэ къарум, къыпыкIэ тхьэмпэ удзыфэхэм, бжьыхьэм гъуэжь хъуурэ зэрыпыщэщыжхэм. Ар тхыдэ псо мэхъу.

Зы пхъэ къиштэри, мафIэм тридзащ. И гъащIэр и нэгу щIокIыж. Нэхъыжь емынэу щытат Коскуш и зэманыгъуэм. Абы илъэгъуащ шхыныри гуфIэгъуэри щыкуэда зэман, цIыхухэм я ныбэр изу, къадэ хуэ жа ерыскъыр фыжу, щакIуэ кIуамэ, зыхуэмей хьэкIэкхъуэкIэр ямыукIыу щыблагъэкI, цIыхубзхэм сабий куэд щаIа лъэхъэнэ. Къэхъуащ шхын ямыIэу, ныбэ хэр щынэщIа махуэхэри, бдзэжьей, хьэкIэкхъуэкIэ къащэкIуни щамыгъуэта.

ИтIанэ и нэгу къыщIыхьэжащ щIалэ цIыкIуу дыгъ ужьхэм щыхь яшхыу илъэгъуауэ зэрыщытар. Абы и гъусат и ныбжьэгъу Зинг-Хьа. И ныбжьэгъумрэ езымрэ а махуэм щакIуэ джэгуну дэкIат. Псым и ежэхыпIэмкIэ здэкIуэм, щыхьышхуэ лъэужьхэр къалъагъу. «Жьы хъуа щыхьым и лъэужьщ мыр, - жеIэ Зинг -Хьа. - ПсынщIэу мыж эфу адрейхэм къакIэрыхуауэ аращ. Ар псэууэ яутIыпщынукъым дыгъужьхэм». ИкIи аращ зэрыхъуар. Дыгъужьхэр щыхьым и ужь итащ и пэм, и лъакъу эм еуэ у. ЛIэху увыIакъым.

Зэныбжьэгъуит Iым я лъыр къызэщIэплъащ - тIури хуейт Iуэхур зэриухым еплъыну. Дыгъужьхэмрэ щыхьымрэ я лъэужьхэм тету кIуащ. Лъэбакъуэ къэс зыгуэр къыбжиIэр т, ялъагъут абдеж зауэ-банэ зэрыщекIуэкIар. Лъэужьхэм кIэ къагурыIуащ щыхьым кIэ къызэрыху экIуар. У эсым лъакъу ампIэ куэд телът. Зы дыгъужь щыхьым и лъабжьэм щIэхуэри, ипIытIащ. АдэкIэ ялъагъу бгым дэкIын щхьэкIэ щыхьым иригъэкIуэкI зауэбанэр. Дыгъужьхэм ар зы лъэныкъуэкIи ягъакIуэркъым. Щыхьыр джалэри, дыгъ ужьит IщIипIытIащ. ГурыIуэгъуэт и псэр зэрыщинар.

Щалэ цIыкIуитIыр плъэмэ, уэсыр дэнэкIи плъыжьыгъэщ. Зэрызехьэ макъыр зэхахын папщIэ нэхъ гъунэгъу зыхуащI. Щалэ цIыкIум илъэгъуар апхуэдизкIэ и жагъуэ хъуати, и гъащIэ псокIэ игу ихуакъым.

ЛIыжьым и гупсысэхэр апхуэдэу куэдрэ хэтащ блэкIам. МафIэр ужьыхыжырт, щIыIэри и Iэпкълъэпкъым къыхыхьэрт, зыхищIэу. Иджы пхъэ дакъитI зэуэ мафIэм хедзэ. Арат гъэсыныпхъэуи иIэжыр, гъащIэуи...

И закъуэпцIийщ. Пхъэ кIапэ цIыкIу къыпэщIэхуари пэридзэжащ мафIэм. ЕдаIуэ т Сыту макъ гъэщIэгъуэн мы мафIэ ужьыхыжым игъэIур. Хьэуэ, пхъэ исуракъым ар. И Iэпкълъэпкъыр егъэкIэзыз макъ къицIыхужахэм - дыгъужьхэр ес!

Дыгъужь къугъ макъхэм лIыжьым и гупсысэхэр япэрей щыхьым деж яхьыж: цIыкIу-цIыкIу у зэпкъратхъар уэс плъыжьым х элъу, и къупщхьэ къабзэхэр уэсым телъу и нэгу къыщIыхьэжащ, я нэхэр къицIуукIыу дыгъужь щхъуэ гупыр, я бзэгу псыф кIыхьхэр, я дзэ папцIэхэр...

ЛIыжьым и нэкIум къылъоIэс пэ щIыIэ, пэ псыф. Ар щызыхищIэм, зыкъищIэжащ. МэIэбэри, мафIэм зы пхъэ къыхех. Дыгъужьым мафIэр илъэгъуащ, ауэ шынакъым. Адрей дыгъужьхэм яхуилъащ. Абыхэм я гурыIупсыр къажэу нэхъ гъунэгъу зыкъащI.

КъэмэжэлIа дыгъужьхэм я макъым йодаIуэ лIыжьыр. Ахэр куэд зэрыхъури, и мафIэр зэрыцIыкIури ещIэ. МафIэ зыщIэна пхъэр яхедзэ, ауэ дыгъужьхэр IукIыркъым. Зы нэхъ гъунэгъуу къыбгъэдохьэ, лIыжьым и къарур здынэсыр къищIэну. Адрейх эри абы къыкIэлъокIуэ. ЛIыжьыр дыгъужь хэм къаухъуреихьащ, хуэмурэ гъунэгъу зыкъыхуащI. Сыт щхьэкIэ зэуэн? Сытым щхьэкIэ гъащIэм зыкIэрищIэн? Пхъэ къиштари Iэпыхущ, уэсым техуэри ункIыфIыжащ.

Дыгъужьхэр гъунэгъубзэ къэхъуащ. Абдежым щыхьыжьыр псэемыблэжу и гъащIэм щхьэкIэ зэрызэуар и нэгум иджыри зэ къыщIигъэхьэжащ. И щхьэр и лъэгуажьэм трилъхьэри, лIыжьыр егупсысащ: «Сыт абы къикIыр икIэм-икIэжым? Аракъэ гъащIэм и унафэр?»

ЗэзыдзэкIар
ДЖЫНАЗ Заремэщ.

● ЩIэблэ

Инарэ и гъуэгум щIедзэ

Джатауэ Инарэ Налшык дэт курыт школ №6-м и еджакIуэщ. ЕхъулIэныгъэхэр иIэу 1-нэ классыр къэзыуха пщащэ цIыкIум еджэным хуэпабгъэ у, дунейм и зэхэлъыкIэр фIэхьэлэмэту 2-нэ классым иджы кIуащ. Абы и мурадщ адэкIи апхуэдэу егугъуу фIыу э еджэну, и егъэджакIуэми и адэ-анэми я жыIэм едаIуэу, Iэдэбу, екIуу гъэр ирихьэкIыну. Хъыджэбз щэныфIэм и гугъапIэ псори къызэрехъулIэнум шэч хэлъкъым.

Къыпэщылъ къалэнхэм Инарэ узыншэ хуэхъуну, г укъыдэжрэ дэрэжэгъуэрэ иIэу лъагапIэщIэхэм нэсыну ди гуапэщ.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

● ЦIыхушхуэхэм я гупсысэхэр

Гум акъылыр къегъапцIэ

ПсэукIэ зыщIэм дежкIэ махуэр кIыхьщ.

ШНИЦЛЕР Артур.

Гупсысэр псалъэ хуейкъым, ауэ псалъэр гупсысэ хуэныкъуэщ.

ЖУБЕР Жозеф.

Хьэл-щэным цIыхур нэхъ зэпэгъунэгъу ещI, акъылым нэхърэ.

РЕНАН Эрнст.

ИIэ къарум тегушхуэжыфырщ зыхуейр зыIэрызыгъэхьэфыр.

ФЕЙРБАХ Людовиг.

ЕгъэджакIуэм езым и гъащIэри и лэжьыгъэм и Iыхьэщ.

ТОМПКИНС.

ЩIэныгъэр гъэтIылъыгъэщ, лэжьыгъэр абы и IункIыбзэIухщ.

БУАСТПьер.

Тхылъыр жьы хъуахэм я ныбжьэгъущ, зи щIалэгъуэхэм я унафэщIщ.

СМАЙЛС Самюэль.

Лъагъуныгъэр – цIыхубзым и гъащIэ тхыдэщ, цIыхухъум и гъащIэм щыщ Iыхьэщ.

СТАЛЬ Жерменэ.

Балигъхэр псори япэ щIыкIэ сабийуэ щытахэщ, ауэ мащIэ дыдэщ ар зыщIэжыр.

ЭКЗЮПЕРИ .

Гум акъылыр къегъапцIэ.

Л АРОШФУКО.

Псалъэзэблэдз

ЕкIуэкIыу: **5**. «Бгырысхэр» романыр зи къалэмыпэ къыщIэкIа тхакIуэ цIэрыIуэ, драматург, Урысей Федерацэм гъуазджэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ. **8**. Бэрбэч ХьэтIутIэ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и ещанэ ректор, профессор. **9**. КIуащ БетIал и поэмэ. **10**. Адыгэхэм щыщIыIэм, щыуэлбанэм деж щхьэм фIапхъуэу, пщэм кърашэкIыу къагъэсэбэп хьэпшып. **11**. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм гъуазджэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, дирижер Бекъул Леонид къызэригъэпэща ансамбль цIэрыIуэ. **12**. Муслъымэнхэм мэжджытым жумэ нэмэз щащI махуэ лъапIэ. **17**. Пщым и щхьэгъусэ, унагъуэм е IэнатIэ гуэрым унафэр зи Iэмыщlэ щилъ цIыхубз. **18**. Гъатхэм гъэгъа шакъафэхэр, къащхъуэхэр пасэу къызыпидзэ удз дахэ. **19**. «... трактористкэщ». ЩоджэнцIыкIу Алий и усэ. **20**. Бдзэжьей зэрещэ, къызэраубыд хьэпшып. **25**. Сабиигъуэм икIа, лIыпIэ иува цIыху. **28**. Адыгэ цIыхубэ уэрэд. **29**. ГъащIэмрэ дунейм и къэхъукъащIэхэмрэ ехьэлIауэ цIыхухэм къадэгъуэгурыкIуэ узыгъэIущ, узыущий псалъэуха шэрыуэ. **30**. Псы Iуфэхэм, псыпцIэхэм лъагэу дэкIейуэ къыщыхъу, арджэн къызыхащIыкI къэкIыгъэ. **31**. IэфI дыдэу, мэ гуакIуэ иIэу къэхъу хъэуан лIэужьыгъуэ. **32**. Нартхэ я хур зыдыгъуауэ щыта цIыху бзаджэ.

Къехыу: **1**. Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ усакIуэ, республикэм гъуазджэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, парт, къэрал лэжьакIуэу щыта. **2**. Фадэр зи нэрыгъхэм ямыутIыпщ пщэ псыгъуэ кумбыгъэ. **3**. Къэзахъстаным и щыхьэр. **4**. Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь Пащтым и цIэр. **6**. Лениным и образыр ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым щызыгъэзэщIа, Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и артист. **7**. ЕпщыкIубгъуанэ лIэщIыгъуэм псэуа франджы композитор цIэрыIуэ. **13**. Купкъ зиIэ пхъэщхьэмыщхьэ. **14**. Къэбэрдей-Балъкъэрым гъуазджэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, пшынауэ Iэзэ, уэрэдус цIэрыIуэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ артист, усакIуэ цIэрыIуэу тIу къызыхэкIа лъэпкъ. **15**. Бахъсэн куейм щыIэ къуажэ. **16**. ЛъагапIэ, бгы, бжьэпэ. **21**. Адыгэпщ Ридадэ къытепщIыкIа урыс адмирал цIэрыIуэ. **22**. Баш, гъуэлъыпIэ Iэдий хуэдэхэм яIэ гъумыпIэ. **23**. Илъэс ещанэм ит шыщIэбз. **24**. Къэрмокъуэ Мухьэмэд и роман. **26**. Дыхьэшхэн, щIэнэкIалъэ. **27**. Уэзырмэс и къуэш, Дадыху и щхьэгъусэ.

Зэхэзылъхьар
УЭРЫШ Нурхьэлийщ.



ШыщхьэIум и 28-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

ЕкIуэкIыу: **2**. Iэдэб. **6**. Сыхъэ. **7**. Жьауэ. **8**. Дудакъ. **9**. АдрыщI. **13**. Брул. **14**. Хьэ. **15**. Гъуо. **16**. Арэф. **19**. Къурэ. **21**. Хъан. **22**. Гущэ. **23**. Уашхэ. **24**. Афэ. **25**. Щхьэпс. **26**. Iэл. **27**. Пщы. **28**. Дапхъэ. **30**. Гъудэ. **32**. Пэшэгъу. **35**. Щай. **36**. Хъуэхъу. **37**. Бру. **38**. Щыгъэ. **39**. Къум. **41**. Шы. **42**. Щимэ. **45**. Лъабзэ. **46**. Къурашэ. **48**. Ахъшэ. **49**. Уанэ. **50**. Гуартэ.

Къехыу: **1**. Жызум. **2**. Iэрамэ. **3**. Дыжь. **4**. Бжьэдыгъу. **5**. Тутын. **10**. Дурэш. **11**. КIэрэф. **12**. Ерокъуэ. **13**. Баку. **17**. Ферс. **18**. ПхъэIэщэ. **20**. Нэщыпхъуэ. **28**. Даущ. **29**. Пщагъэ. **31**. Дарий. **33**. Шэрий. **34**. Гъубжэ. **40**. Мэздэгу. **41**. Шэрыуэ. **43**. Щапхъэ. **44**. Пшынэ. **47**. Къыр.

● ГъэщIэгъуэнщ

Сыт император Тит цIэрыIуэ зыщIар?

Тит ди эрэм и 39 - 81 гъэхэм псэуа пасэрей урым императорщ. Тепщэгъуэр абы илъэситIкIэ фIэкIа имыIыгъами, абы хузэфIэкIащ цIыхухэм ягу фIыкIэ зыкъригъэнэн. Цlыхубэм ар фIыуэ илъагъурт, пщIэшхуи хуищIырт.

Сыт-тIэ ар апхуэдизу цIэрыIуэ зыщIар? Псом япэрауэ, илъэжь Iуэхуфlхэмрэ къызэрыгуэкI цIыхубэм яхуищI гулъытэмрэщ. Тит къилъытэрт, абы и щхьэр къезыхьэлIа дэтхэнэ зыми и гукъеуэр щхьэщихын хуейуэ икIи зэрыхузэфIэкIкIэ псоми ядэIэпыкъурт. Абы теухуауэ тхыдэтххэм ди зэманым къахьэсыжа хъыбархэм ящыщ зым мыпхуэдэ Iуэхугъуэ къыхощ: пщыхьэщхьэхуегъэзэкI хъуауэ император ым къищIэжащ махуэ псом къриубыдэу зы IуэхуфI зэримылэжьар. Абдеж ар занщIэу къыхэкIиикIащ: «Си ныбжьэгъухэ, нобэрей махуэр сфIэкIуэдащ!» - жиIэри. Апхуэдэу зыкъэзыумысыжын унафэщI куэд щыIэу пIэрэт?!

А зэман ткIийм, зэрыукIыр, бзэгу зехьэныр, залымыгъэр щытепщэм, Урымым апхуэдэ император зэраIар цIыхубэм насыпышхуэу къалъытэрт икIи ар дунейм щехыжам дэтхэнэми езым и благъэ, Iыхьлы гъунэгъу фIэкIуэдам хуэдэу къыщыхъуащ.

Къэрал нэхъ цIыкIу дыдэ

Къэралыгъуэ щхьэхуит нэхъ цIыкIу дыдэу дунейм тетыр Ватиканырщ. Ар Италием и къалащхьэ Рим и кум хуозэ, псори зэхэту ар километр зэбгъузэнатIэу 0,45-рэ мэхъу. Аращ католическэ члисэхэм я унафэщIым и хэщIапIэр.

Ватикан къэралыгъуэм и нэхъыщхьэр Папэрщ, абы и унафэр цIыхубэм я деж нэзыхьэсыр езым хихыж губернаторырщ. Ватикан иIэщ езым и нып, пощт, гъущI гъуэгу вокзал, уеблэмэ ахъши къыщIегъэкI. Къэралыр зэрыпсэу мылъкур туризмэм къыхокI, апхуэдэу дуней псом щыпсэу католикхэм кърат.

Мы къэралыгъуэм жыг хадэ дахэ иIэщ, абы итщ Ватикан уардэунэр - аращ католикхэм я унафэщIым и хэщIапIэри. Апхуэдэу уардэунэм хэтщ музей, библиотекэ телъыджэхэр. Къапщтэмэ, Ватикан и библиотекэр дуней псом щынэхъ ин дыдэу къыщалъытэ.

Ватиканым дипломат зэхущытыкIэхэр яхуиIэщ къэрал куэдым, абыхэм я лIыкIуэхэр щIэ х-щIэхыурэ мыбы къыщызэхуос.

Католик члисэм и унафэщIхэм илъэс куэдкIэ Италием и щIыналъэшхуэ яIыгъыу къекIуэкIащ. 1859 гъэм «папскэ областкIэ» зэджэ а щIыналъэм километр зэбгъузэнатIэу 32000-рэ иубыдат.

1870 гъэм Рим Италием и къалащхьэ хъуащ. Католикхэм я унафэщIым и мыарэзыныгъэр къэрамыдзэу а щIыналъэр Италие пащтыхьыгъуэм хагъэхьэжащ. ИужькIэ, 1929 гъэм, Папэрэ Италием и правительствэмрэ зэгурыIуэныгъэ зэращIылIэри, Ватикан къэралыгъуэр къэунэхуащ.

ДОЛ Аминэ.

● ЩIымахуэ гъэтIылъыгъэхэр

Помидоррэ шыбжий IэфIрэ зэгъусэу

Хэплъхьэнухэр: *помидору – зы килограмм, шыбжий IэфIу - зы килограмм, фошыгъуу - стэкан ныкъуэ, шыгъуу - зы бжэмышхышхуэ, сэхуран дагъэу - стэкан ныкъуэ, серчэ эссенцэу - шей бжэмышхитI, зы бжьыныхущхьэ, къуэн.*

Зэрыбгъэхьэзырынур: хадэхэкIхэр мыин дыдэу боупщIатэри, фошыгъумрэ шыгъумрэ хыболъхьэ, дагъэ щIыбокIэжри, фIыуэ зэхыбогъэззэрыхь. ИтIанэ хьэкум тыбогъэувэри, дакъикъэ 25-кIэ къыбогъавэ. Абы иужькIэ серчэр хыбокIэ, цIыкIу-цIыкIуу зэпыбгъэлъэлъа къуэнымрэ бжьыныхумрэ хыбокIутэри, иджыри дакъикъи 10-кIэ зэхыбогъавэ. Къытепхыжа иужь, банкI къабзэм иболъхьэри, и щхьэр тыбоIуэнтIэж. ЩIыбоуфэри, упщIыIухукIэ щыбогъэ т.

Джэш зыхэлъ салат

Хэплъхьэнухэр: *джэшу килограмми 2, псы литр, пхъи 3-4, помидор хьэжауэ зы стэкан, сэхуран дагъэу зы стэкан, серчэ эссенцэ у зы бжэмышхышхуэ, фошыгъуу зы стэкан (из дыдэ мыхъуу), шыгъуу бжэмышхышхуи 2.*

Зэрыбгъэхьэзырынур: псым хэлъу нэху къебгъэкIа джэшыр богъавэ. Псы литрым помидор хьэжар хыбогъэзэрыхь, фошыгъумрэ шыгъумрэ хыбокIутэри, дакъикъэ 30-кIэ къыбогъавэ. ИтIанэ абы хыболъхьэ джэшыр, пхъы тхъунщIар, серчэр икIи аргуэру дакъикъэ 30-кIэ къытыбогъэкъуалъэ. МафIэм къытыбохыж, банкIым иболъхьэри, и щхьэр тыбоIуантIэ.

● Псалъэжьхэр

Лъабжьэм хуэдэщ къуэпсри

● Иджыри къэс къэхъуакъым кхъуэщын ямыгъэжьам псы иубыду, кхъузанэм хьэжыгъэ имыкIыу, цIыхубзым щэху ихъумэфу.

(*Индие*)

● Дрипсэлъэну зы Iэпкълъэпкъ фIэкIа къыдэзымытам, дридэIуэну тIу къыдитащ. Абы къокI жытIэм нэхърэ нэхъыбэрэ дыдэIуэн зэрыхуейр.

(*Хьэрып*)

● Хэкур - анэщ, хамэщIыр - анэнэпIэсщ.

(*Лак*)

● Зи псалъэ зыхуэмыIыгъыжым ныбжьэгъу иIэнукъым.

(*Абазэ*)

● Бдзэжьей пшхыну ухуеймэ, псым хыхьэ.

(*Къумыкъу*)

● Лъабжьэм хуэдэщ къуэпсри.

(*Даргин*)

● ГушыIэхэр

ЕгъэджакIуэр егъэгуфIэ

- Мамэ, нобэ школым и директорыр къызэупщIат къуэш е шыпхъу нэхъыщIэ уиIэ, жиIэри, - зыхуигъэзащ и анэм етIуанэ классым щIэс Инал.

- НтIэ, сыт жепIар?

- ТIум хуэди сызэримыIэр жесIащ.

- Езым-щэ...

- Алыхьым и шыкурщ, - жиIащ.

Си Iэм къеуати...

И Iэми и лъакъуэми уIэгъэпхыр къешэкIауэ дохутырым и деж зы цIыхубз щIыхьащ.

- Сыт къыпщыщIар? - щIоупщIэ дохутырыр.

- Пэшыр къэзгъэкъэбзэну сабэщыпыр щIэзгъэнати, си Iэм ток къеуащ.

- Уи лъакъуэм сыттIэ къыщыщIар?

- Къыщызэуэм лъакъуэкIэ сеуэжащ.

Апхуэдэуи къохъу

Илъэсих зи ныбжь Идар и анэр къошхыдэ:

- Гъуэншэдж щIэрыпсыр ятIэ защIэ пщIащ.

- Уа, мамэ, сэ сыткIэ сыкъуаншэ? ЯтIэм апхуэдизкIэ псынщIэу сыхэхуати, си гъуэншэджыр зыщысхыну сыхунэсакъым.

● Гу зылъытапхъэ

«Нарт-ТВ»-р пыфщIэну фыхуей?

«Юг-Сайт» ООО-м ещэ, егъэув спутник антеннэхэр. Апхуэдэу мыбы пхупащIэнущ «Нарт-ТВ» адыгэ каналыр - жэщми махуэми сыхьэт 24-кIэ лажьэр.

Ди хэщIапIэр: Налшык къалэ, Кулиевым и уэрам, 18, «Эльдорадо» тыкуэн, 2-нэ къат. **Телефоныр:** 40-22-95.

НапэкIуэцIыр зыгъэхьэзырар ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Жыласэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖьэкIэмыхъу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **ГъущIо Зариф, Къардэн Маритэ, Ныбэжь Таисэ, Хьэжыкъарэ Алик.**

ДИ ХЭЩIАПIЭР



360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдэзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IуэхущIапIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10.
Газетыр щэнымкIэ жэуап ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м.
Тел.: 42-69-34

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м №Н-0065-м щIэту ятхащ.
Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.
1905 гъэм щыIа Революцэм и цIэр зезыхьэ Республикэ полиграфкомбинат, Налшык къ., Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: **жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къаншокъуэ Эллэ, редактору Жыласэ Заурбэч, корректорхэу Щоджэн Иннэ** *(1, 2, 6-нэ нап.),* **Бацэ ФатIимэ** *(3, 4, 5-нэ нап.),* **корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу Иуан Заирэ.** ***КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ*** **Щомахуэ Марианнэ, Мэлбахъуэ Анжелэ,** ***сурэтхэм елэжьар*** **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531● Тираж 10.009● Заказ №2479